Щlэныгъэ нэсыр пэжу, щызу, лъабжьэ быдэ иlэу щытын хуейщ

2-нэ нап.



«Iуэрыlуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

ЗэфlэкI зиlэ сурэтыщI

4-нэ нап.

Iуащхьэмахуэ и Кубокым зэхуещlэс

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№4 (24.910) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ

Зэкъуэш щIыналъибл

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий КИФЩI-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 16 зэрырикъуам теухуауэ цIыхубэм захуигъэзащ.

«КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпсэу цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу КИФЩI-р илъэс 16 зэрырикъуамкIэ!

УФ-м и Президентым и унафэкIэ 2010 гъэм щIышылэм и 19-м къэралым и ипщэ лъэныкъуэм округыщIэ къыщызэрагъэпэщауэ щытащ, щэнхабзэрэ цIыхубэ зэхэтыкIэкIэ быдэу зэпыщIа зэкъуэш щIыналъибл хиубыдэу, дэтхэнэ зыми цIыхумрэ ар щыпсэу къэралымрэ иригъэфIэкIуэныр и плъапIэ нэхъыщхьэу.

Тхыдэкlэ къэткIуа гъуэгуанэр апхуэдэу мыин дыдэми, нобэ шэч къытедмыхьэжу тхужыIэнущ лъэныкъуэ нэхъыбэмкIэ дызэрефIакIуэр: экономикэм зеужь, инвестицэхэм заубгъу, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIуах, щIалэгъуалэм зыузэщIыпIэ егъуэт.

Ди зыгъэпсэхупIэхэм туризмэм епха инфраструктурэм зыщаужь. ЦIыху мелуан бжыгъэм ягъэунэхуащ Кавказым и гъэхьэщIэкIэр.

Ди цIыхубэ пашэ Путин Владимир Владимир и къуэм и унафэм дыщIэту, къэралым зэрызыкъытщIигъакъуэм, щIыналъэхэм щыпсэу цIыхухэр лэжьыгъэм зэрыхуэмыщхьэхым, хэкупсэу зэрыщытым къыхэкIыу, дяпэкIи лъапIэ лъагэхэм дыхуэкIуэнщ, Урысейм и мурадхэр дгъэзащIэу, дэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм дадэIэпыкъуу.

Шэч къытесхьэркъым ехъулIэныгъэшхуэхэмрэ текIуэныгъэщIэхэмрэ къызэрытпэплъэм!

Кавказ Ищхъэрэр фIыуэ зылъагъу, абы и къэкIуэнур къызыфIэIуэху псоми сохъуэхъу узыншагъэ, насып, фIыгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэну!»

ЛIыгъэмрэ щIыхьымрэ зи дамыгъэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ сетым щиIэ напэкIуэцIым щIышылэм и 18-м щытепсэлъыхьащ Ленинград къэухъуреихьыныгъэм къызэрырагъэкIыжрэ илъэс 83-рэ зэрырикъум:

- Ди къэралым и тхыдэм нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ щызиIа и напэкIуэцIхэм ящыщ зыр нобэ дигу къыдогъэкIыж - Дзэ Пъыжьым Ленинград къэухъуреихьыныгъэм къызэрыришыжрэ илъэс 83-рэ ирокъу.

Ар уващ къалэр зэрыщыту бийм къыIэщIэгъэкIыжыным и щIэдзапIэу икIи абы щыпсэу цIыхухэр, гугъуехь, хьэзаб псоми къэмылэнджэжу, бэшэчу пхыкIыфахэр, къырагъэлащ.

Къызэрымыкlуэу ин, цIыху куэд дыдэ щыпсэу къалэм ерыскъыхэмрэ хущхъуэхэкIхэмрэ лъагъэIэсыну Iэмал ирамыту даубыдэри, гитлерыдзэхэм нэсу къагъэлъэгъуащ я цIыхугъэншагъэр, хьэкIэкхъуэкIагъэр.

Къалэр зраубыда къапхъэным къишыжыным Дзэ Плъыжьым и зауэлI минипщI бжыгъэхэм я гъащIэхэр щIатащ, ар я цIыхубэм папщIэ зэрахьа лIыхъужьыгъэ къызэрымыкIуэт.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ а зэманми къалэр псэуащ - бийм и мурадхэр кърамыгъэхъулIэу лэжьащ сымаджэщхэр, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр. Къалэдэсхэр зэкъуэту, къарууэ яIэмкIэ ядэIэпыкъурт я къегъэлакIуэхэм.

Урысейм щыпсэухэм я дежкIэ Ленинград къалэ-лIыхъужьыр зауэлI щIыхьым и дамыгъэщ, къалэдэсхэм а лъэхъэнэм къагъэлъэгъуа хахуагъэми пщIэшхуэрэ фIыщIэрэ зыхуугъэщI.

Нева псым и Iуфэм Iус къалэр хуит къэщIыжыным щIэзэуахэм, дауи, яхэтащ ди лъахэгъухэри - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлIхэу дэ сыт щыгъуи дызэрыгушхуэнухэр. Фигу къэзгъэкIыжынщи, ди республикэми, адрей щIыналъэхэм хуэдэу, гуапэу щаIущIауэ щытащ Ленинград кърагъэIэпхъукIахэм икIи а зэманым ахэр зыхэта гугъуехьхэр щагъэпсынщIащ.

Зэи дигу ихункъым, щIыхьи яхуэтщIынщ Ленинград къалэ-лIыхъужьыр зыхъумахэмрэ абы дэсахэмрэ.

ЦIыхухэм езыхэм къыхахыж

Къалэ щыIэкIэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я тыншыпIэр къахуэзэгъэпэщыным хуэунэтIауэ УФ-м щрагъэкIуэкI урысейпсо зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ къэралым и къалэхэмрэ жылэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр Урысей Федерацэм и Правительствэм зэпигъэуркъым. А Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ икIи «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм и Iыхьэу щытщ.

КЪЭРАЛЫМ и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, зэхьэзэхуэм къигъэлъэгъуащ къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къуажэ щIыпIэхэмрэ зегъэужьынымкIэ ар зэрыIэмалыфIыр. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ а программэм и ефIэкIыныгъэ нэхъыщхьэр: лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэмрэ абыхэм ягъуэтыну теплъэхэмрэ теухуауэ цIыхухэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ IэIэтым жыджэру зэрыхэтырщ. Абы Iэмал къарет езы цIыхухэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ, ахэр зэрыхуейм хуэдэу зэIузэпэщ ирагъэщIыну щIыпIэхэр къыхахыжыну.

2019 гъэм щегъэжьауэ ирагъэкIуэкI урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа пэхуэщIэ мин 1,1-м щIигъу къэралым щагъэзэщIакIэщ. А пIалъэм къриубыдэу цIыхухэм къыхаха пэхуэщIэхэр 1609-рэ мэхъу икIи абыхэм хохьэ парккэр, псы Iуфэхэр, утыкушхуэхэр, уэрамхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ, нэгъуэщIхэри зэIузэпэщ щIынымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ.

Хуснуллин Марат зэрыжиIамкIэ, щIыналъэхэм щагъэзэщIа пэхуэщIэхэм цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэхэр ирагъэфIакIуэ къудей мыхъуу, атIэ щIыпIэ экономикэми зрагъэужь, зыгъэпсэхупIэхэр, спорт утыкухэр, нэгузегъэужьыпIэхэр, хьэрычэт щIэным пыщIа IуэхущIапIэхэр къыщызэIуах. Апхуэдэ щIыпIэхэм цIыху куэд зыIэпашэ хабзэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, республикэр илъэс къэс хэтщ а урысейпсо зэхьэзэхуэм икIи гъэ блэкIам къриубыдэу ди щIыналъэм и пэхуэщIищ абы щытекIуащ. Ахэр Налшык къалэм 2-нэ Таман дивизием и цIэр зезыхьэ уэрамым щаухуэну экстрим-паркырщ, Май къалэм цIыху куэд щызэхуэс «Парк Заря» щIыпIэрщ, Шэджэм къалэм и «Къалэм уиутIыпщыркъым» пэхуэщIэрщ.

Абыхэм нэмыщI, республикэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 32-рэ зэIузэпэщ ящIынущ мы гъэм икIи, абы и фIыгъэкIэ, къуажэхэм теплъэ дахэхэр ягъуэтынущ, цIыхухэм я псэукIэри ирагъэфIэкIуэнущ.

УФ-м и Правительствэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, урысейпсо зэхьэзэхуэм къэралым зыщиубгъу зэпытщ икIи, 2025 гъэм щегъэжьауэ, цIыху мин 300-м нэблагъэ щыпсэу къалэхэмрэ жылэхэмрэ абы хэт хъунущ, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ районхэм я къалащхьэхэри хэгъэхьауэ. Апхуэдэуи, мурад щыIэщ 2030 гъэм ирихьэлIэу а зэхьэзэхуэм щытекIуа пэхуэщIэу мин 1,6-м щIигъу ягъэзэщIэну, къалэ цIыкIухэмрэ щIыналъэхэмрэ къэралым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъун хуэдэу.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алидж.

Иджырей мардэхэм тету

Шэджэм район сымаджэщым и пщIантIэм щаухуэнущ иджырей мардэхэм тет сабий поликиникэ. КъатитIу зэтетыну унэм хухахынущ метр зэбгъузэнатIэу 1400-м щIигъу. Ар яухуэнущ «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ.

ПОЛИКЛИНИКЭР къызэрагъэпэщынущ иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ. Абы Iэмал къаритынущ районым и сабийхэр зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ нэсу къызэрагъэпэщыну.

Сабий поликлиникэщIэр Шэджэм районым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, апхуэдэу абы хигъэхъуэнущ щIыналъэм и сабийхэм ягъуэт медицинэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ я фIагъми.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

ХъумапIэ зэпэщхэм къахохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зыхуагъэувыжа къалэнхэм тету республикэм щагъэзащIэ. Псалъэм къыдэкIуэу, илъэс блэкIам ди щIыналъэм и пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэм къахэхъуащ тонн мин 30-м щIигъу зэуэ зыщIэхуэ ухуэныгъэщIэ.

ИДЖЫ, псори зэхэту тонн мин 360-м щIигъу пхъэщхьэмыщхьэ зыщIэхуэн хъумапIэхэр ди щIыналъэм щыIэщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, ар къызыхэкIыр, ди жыг хадэхэм къыщыпачыж пхъэщхьэмыщхьэм и куэдагъым илъэс къэс къызэрыхэхъуэрщ - пIалъэ кIыхькIэ ахэр щыпIыгъын хъумапIэхэми зрагъэубгъун хуей мэхъу. ИкIи, мурад щыIэщ, 2030 гъэм ирихьэлIэу, хъумапIэхэм я зэфIэкIхэм хуэдитIкIэ хагъэхъуэну, пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 700-м нэблагъэ зэуэ щыпхуэхъумэ хъуным ахэр нагъэсыну.

Мыдрейуэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэкIэ къызэрыщабжамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу нэгъабэ кърахьэлIэжар тонн мелуан 1,1-рэ хъуащ икIи 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 7,4-кIэ ар нэхъыбэщ.

Иджырей хъумапIэ зэпэщхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм жыг хадэ зыгъэкIхэм IэмалыфIхэр ярет я гъавэр хъума къудей мыхъуу, атIэ сату щIыпIэхэр пхъэщхьэмыщхьэкIэ илъэс хъурейкIэ къызэрагъэпэщыну, уасэхэмкIи фейдэ къащIыну, щэхуакIуэхэри экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэ пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ ягъэгуфIэну, щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

БЭБЭЧ Башир.

ДЗЭМЫХЬ Къасболэт:

ЩIэнығъэ нэсыр пэжу, щызу, лъабжьэ быдэ иIэу щытын хуейщ

Дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщIу, абы пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхь хэкIыпIэу игъащIэми къалъытэ щIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэ. Уригушхуэ икIи урипагэ хъунущ ди хэку абрагъуэр а Iуэхугъуэхэмкlэ зэрыкъулейм: диIэщ щIэныгъэ куурэ къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэмкIэ зи цIэр жыжьэ Iуа IэнатIэхэр, абыхэм щолажьэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI щэджащэхэр. Зи гугъу тщIыхэм я щапхъэ нэсщ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым хыхьэ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыжь дыдэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр. Гъуэгуанэ кIыхь икIи купщIафIэ къэзыкIуа институтыр къызэрызэIуахрэ мы махуэхэм илъэси 100 ирикъуащ.

Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэм тедгъэпсэлъыхьыну иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ 2014 гъэ лъандэрэ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, КъБР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, къэралым и тхыдэдж цIэрыIуэхэм ящыщ ДЗЭМЫХЬ Къасболэт ФIыцIэ и къуэм.

- Ди щIыналъэм щыпсэухэм я тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр джыныр, хъумэныр зи къалэн нэхъыщхьэ IэнатIэм нобэкIэ лIэщIыгъуэ ирикъу гъуэгуанэ къикIуащ. Апхуэдэ IуэхущIапIэ иIэныр, дауи, фIыгъуэшхуэщ дэтхэнэ лъэпкъым и дежкIэ. Сыт хуэдэу щыта институтым и япэ лъэбакъуэхэр, Къасболэт?

- Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псом щынэхъыжь щIэныгъэ IуэхущIапIэщ. ПсэукIэщIэм и мардэхэм теува къэралыщIэм лъэпкъ мащIэхэр хъумэным, абыхэм адэкIэ зегъэужьыным ехьэлIауэ ича япэ лъэбакъуэхэм ящыщащ апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщыныр. Ди щIыналъэм экономикэ, тхыдэ, археологие, этнологие къэхутэныгъэхэр щегъэкIуэкIын, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырын мурадхэр зиIэу, абы щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр, литературэр, хабзэхэр, IуэрыIуатэр къэхутэнымрэ цIыхухэр щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм дегъэхьэхынымрэ зи къалэн нэхъыщхьэхэу ягъэува институтыр Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и ЦИК-м и Президиумым и унафэкIэ 1926 гъэм щIышылэм и 6-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. Нобэ, илъэси 100 хъу лъэхъэнэм упхыплъыжмэ, шэч лъэпкъ къытедмыхьэу жытIэфынущ институтри абы и лэжьакIуэхэри а Iуэхугъуэхэм пщIэрэ щIыхьрэ яIэу зэрапэлъэщар.

БлэкIа лIэщIыгъуэм къриубыдэу IуэхущIапIэм и цIэр зыбжанэрэ ихъуэжащ. 2015 гъэм IуэхущIапIэм игъуэтащ иджырей фIэщыгъэр: РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институт. Илъэсищэм къриубыдэу абы унафэщI куэд иIащ. Институтым и япэ унафэщIу щытащ щIэныгъэлI Рюмин Владимир. Хэку зауэшхуэм ипэ къиихуэ лъэхъэнэм абы и унафэр ящIащ лъэпкъылI цIэрыIуэхэу Батыр Къасым, Нало Жансэхъу, Пщынокъуэ Абдул, КIыщокъуэ Алим сымэ. МафIае илъэсхэм и пэщIэдзэм институтыр зэхуэщIауэ щытащ. Бийр ди щIыналъэм ирахужа нэужь, абы лэжьыгъэр щызэтраублэжащ Цагъуэ Мухьэмэд, Аппаев Аскэр, Сасыкъ Быцэ, Дадэ Адэлбий. Зауэ нэужь илъэсхэм IуэхущIапIэм и пашэу лэжьащ щIэныгъэлIхэу БищIо Аслъэн, Сэбаншы Хьэжсет, КIэрэф Къамболэт, Берычэт Хьэжумар сымэ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэм я кIэухым - 70 гъэхэм я пэщIэдзэм институтым и унафэщIу ягъэувауэ щытащ еджагъэшхуэ Лъостэн Владимир. Ар КъБКъУ-м и ректору ягъэкIуа нэужь, 1973 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ институтым и пашэу щытащ Хутуев Хьэнэфий. АдэкIэ а къулыкъум пэрытащ еджагъэшхуэхэу Гугу Рашад, Думэн Хьэсэн, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий сымэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 942-рэ кIэпIейкIэ 35-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 860-рэ кIэпIейкIэ 15-рэ.

Ди индексыр П5894

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр илъэси 100 ирокъу

ЩIэныгъэ нэсыр пэжу, щызу, лъабжьэ быдэ иIэу щытын хуейщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Тхыдэ щIэныгъэмрэ филологиемкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм, апхуэдэуи республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэныгъэлIхэмрэ егъэджакIуэфIхэмрэ хуэгъэхьэзырыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ 1976 гъэм институтым къыхуагъэфэщауэ щытащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орден лъапIэр. Ар и щыхьэт наIуэщ абы лэжьыгъэфI зэрыщекIуэкIам.

- А ехъулIэныгъэхэр фи гъуэгугъэлъагъуэу, зи цIэ къипIуа лъэпкъылI щэджащэхэм ирашэжьа, зэтраубла лэжьыгъэхэр нобэ институтым щывогъэкIуатэ, лъэхъэнэщIэм къигъэув къалэнхэмрэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэмрэ Iуэхум хэфлъытэу. Дауэ фехъулIэрэ а лэжьыгъэм?

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щIэныгъэ нэсыр пэжу, щызу, лъабжьэ быдэ иIэу щытын хуейщ. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди институтыр дапщэщи хуэпэжщ и пщэрылъхэм, зыхуигъэувыж мурадхэми ерыщу хуокIуэ. ЩIэныгъэлIхэр набдзэгубдзаплъэу хущытщ я къалэнхэр гъэзэщIэным. Сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэхэм дыIумыщIэми, институтым и лэжьакIуэхэм я гупсысэр зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр лъагапIэм щыIыгъынырщ, урысейпсо утыкум абы бжьыпэр щегъэубыдынырщ. А Iуэхухэр къызэрыдэхъулIэм и щапхъэщ ди институтыр Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэм езым хуэдэ и щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм щефIэкIыу зэрыщытыр. Апхуэдэу къилъытащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием и къэпщытакIуэ комиссэм. А гупым хэта еджагъэшхуэхэм зэрыжаIамкIэ, «РАН-м и КъБЩIЦ-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и IэщIагъэлIхэм нэхърэ нэхъ Iэзэу, IэкIуэлъакIуэу адыгэхэм, къэрэшей-балъкъэрхэм я анэдэлъхубзэхэр, IуэрыIуатэр, литературэр, тхыдэр, археологиер, этнологиер зыдж щIэныгъэ IуэхущIапIэ дуней псом щыIэкъым».

ЛэжьакIуэхэми институтым и унафэщIхэми мы зэманым диIэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэп къудейуэ щымыту, нэхъ жыжьи доплъэ, ди IуэхущIафэхэр зыхуэкIуэнкIэ хъунум догупсыс. Дэ ди зэфIэкIыр зэтхьэлIэ, къэхутэныгъэхэр зыхуэдгъэпс унэтIыныгъэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм я тхыдэр, Кавказ Ищхъэрэми хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми я тхыдэ гъуэгуанэри къыхэлъытауэ джыныр; адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, ди республикэм щыпсэу славян лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI щэнхабзэри иджырей лъэхъэнэм зэрахьэри (хабзэхэр, IуэрыIуатэр, псэукIэ-гупсысэкIэр, унагъуэм илъ зэхущытыкIэхэр) зэгъэщIэныр; Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр, я грамматикэхэм, лексикэхэм зэщхьу хэлъымрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ къэхутэныр; ди щIыналъэм ис лъэпкъхэм я литературэм пкърылъ эстетикэ къулеягъыр, я зыужьыныгъэр ди нэIэ щIэмыгъэкIыныр, ахэр урысейпсо, дунейпсо художественнэ литературэхэм зэрапыщIам дыкIэлъыплъынми гулъытэ нэс хуэтщIу. 1996 гъэм къыщыщIэдзауэ институтым епхауэ аспирантурэрэ докторантурэрэ мэлажьэ.

- Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а къалэнхэр къызыхуэтыншэу гъэзэщIа хъуным дапщэщи набдзэгубдзаплъэу, жэуаплыныгъэ зыхэфщIэу фыпэрытщ институтым и лэжьакIуэхэр. Узипашэ IуэхущIапIэм щызэфIах къэхутэныгъэхэр, ахэр зи лъабжьэу дунейм къытехьэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр япкърылъ купщIэкIэ, теориерэ практикэкIэ яIэ мыхьэнэ инымкIэ къэралым и академическэ институт нэхъыщхьэхэм щызэфIагъэкIхэм яхуэдэу УФ-м и еджагъэшхуэхэм зэрыжаIэм, Къасболэт, лъэпкъыр дрогушхуэ икIи дропагэ. А лэжьыгъэхэм я гугъу къытхуэпщIыну дыхуейт.

- Упсэу. Институтыр къызэрызэIуахрэ блэкIа илъэси 100-м къриубыдэу, хабзэ хъуащи, абы и дэтхэнэ IэщIагъэлIри хьэлэлу, и зэмани, и зэфIэкIи емыблэжу пэрытщ дзыхь къыхуащIа IэнатIэм, лъэпкъыр хъумэнымкIэ езым и щхьэкIэ, и лэжьыгъэкIэ ихь къалэныр, жэуаплыныгъэр къыгурыIуэу. Гуманитар щIэныгъэм и лъабжьэр щIыналъэм щызэтеувэным, абы зегъэужьынымрэ щыгъэбыдэнымрэ я зэфIэкIышхуэ халъхьащ тхыдэджхэу Кокиев Георгий, Гарданов Валентин, Къумыкъу Тыгъуэн, Iулыдж Iустырхъан, ХьэкIуащэ Евгений, Цораев Магомед, Гугу Рашад, Хутуев Хьэнэфий, МафIэдз Сэрабий, Мамбэт Хьэлым, Думэн Хьэсэн, Кучмезовэ Марие, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, археологхэу Крупнов Евгений, Бетрожь Руслан, Мизиев Исмэхьил, Нэгъуей Толбий, Чеченов Исмэхьил, КIэрэф Батыр, бзэ щIэныгъэлIхэу Яковлев Николай, Къумахуэ Мухьэдин, Шагъыр Iэмин, Елбэрд Хьэсэн, Мамрэш Ким, Багъы Пётр, Ахъмэт Ибрэхьим, КIасэ Алий, ПщыукI Хьэсэнбий, Отаров Исмэхьил, IуэрыIуатэджхэу, литературэджхэу ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Цагъуэ Нурий, Талпэ Михаил, КъардэнгъущI Зырамыку, Шортэн Аскэрбий, Нало Заур, Холаев Азрэт, Хьэщхъуэжь Раисэ, Урусбиевэ ФатIимэ, Алий Аллэ сымэ нэгъуэщIхэми.

А щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм ирашэжьа лэжьыгъэхэр, Iуэху зехьэкIэрэ дуней еплъыкIэу, гупсысэрэ акъылу ябгъэдэлъахэр ди гъуэгугъэлъагъуэщ нобэ институтым и IэщIагъэлIхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми фIыуэ къыгуроIуэ зэфIих лэжьыгъэм, хэлъ гудзакъэм лъэпкъым и блэкIар нэсу джыныр, и къэкIуэнур зэрыхъунур зэрелъытар. Зы илъэс къанэркъым ди щIэныгъэлIхэм щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэу 20-м нэс (печатнэ напэкIуэцIу 225-м нос ар) къыдамыгъэкIыу. Ар мащIэкъым зы щIэныгъэлI гуп и дежкIэ.

ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъуэтахэм ящыщщ ди институтым Москварэ Налшыкрэ къыщыдигъэкIа лэжьыгъэхэу «Кабардино-русские отношения в 16-18 вв. Документы и материалы в 2-х томах» (М., 1957); «История Кабардино-Балкарской АССР» - томитI хъууэ (М., 1967); «Археологические исследования на новостройках Кабардино-Балкарии» - томищ хъууэ (Н., 1984, 1985, 1987); «Новое и традиционное в культуре и быте кабардинцев и балкарцев» (Н., 1986); «Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» - томищрэ тхылъиплIрэ хъууэ (Н., 1980-1990); «Нарты. Героический эпос балкарцев и карачаевцев» (М., 1995); «Толковый словарь современного карачаево-балкарского языка» - томищ хъууэ (Н., 1996, 2002, 2005); «Толковый словарь современного кабардино-черкесского языка» (М., 1999); «Кабардино-черкесский язык» - томитI хъууэ (Н., 2006); «Очерки истории балкарской литературы» (Н., 2010); «Нарты: адыгский эпос». (Н., 2012); «История адыгской (кабардино-черкесской) литературы - томитI хъууэ (Н., 2010 – Т. 1; 2013 – Т. 2); «История многовекового содружества» (Н., 2007); «Книга Памяти» - томиплI хъууэ (Н., 2014-2015); «Адыгские песни времен Кавказской войны» (Н., 2014); «Антология народной музыки балкарцев и карачаевцев» (Н., 2015); «Музыкальный фольклор черкесов (адыгов): инструментальная музыка» (Н., 2015).

Жылагъуэм пщIэшхуэ щызиIахэм, щIэныгъэлIхэми гулъытэшхуэ зыхуащIахэм ящыщщ иужьрей илъэсхэм къыдэдгъэкIа тхылъхэри. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Единство народов Советского Союза – важнейший фактор победы в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.» (к 70-летию Великой Победы) (Н., 2015); «Подвиг народов Кабардино-Балкарии в Великой Отечественной войне (1941-1945). «Политические репрессии черкесов на Северном Кавказе (1918-1940 гг.)» (Н., 2017); «Современный карачаево-балкарский язык» (Н., 2016, 2018); «Века совместной истории: народы Кабардино-Балкарии в российском цивилизационном процессе (1957-1917 гг.)» (Н., 2017); «Словарь синонимов карачаево-балкарского языка» (Н., 2017); «Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» - еплIанэ том, 1,2-нэ Iыхьэхэм (Н., 2018); «Народы Северного Кавказа в европейской культуре и общественном сознании (историографические и источниковедческие аспекты)» 1-4-нэ Iыхьэхэр (Н., 2015-2025); «Адыгэ таурыхъхэр» - 2-нэ том (Н., 2018); «Большой русско-кабардино-черкесский словарь» (Н., 2021); «Адыгские историко-героические песни и предания» - япэ том (Н., 2019); «Адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэ» (Н., 2020); Ш.Б. Ногмов. «Исторические и филологические труды» - томиплI хъууэ (Н., 2020); «Антология народной музыки балкарцев и карачаевцев» - 2-нэ том (Н., 2020); «Великая Отечественная война в истории Кабардино-Балкарии. 1941-1945 гг. 75 лет Победы.» (Н., 2020); «Кабардино-Балкария – Республика в составе Российской Федерации (1922-2022 гг.)» (Н., 2022); «Государственно-политическое развитие Кабардино-Балкарии: исторический опыт и современные проблемы (1922-2022гг.)» (Н., 2022); «Словарь языка Алима Кешокова» (Н., 2022), «Кабардино-Черкесская грамматика» (Н., 2023); «Адыгские (адыгейские, кабардинские, черкесские, черкесского зарубежья) писатели 19-21 вв. Биобиблиографический словарь» - томищ хъууэ (Н., 2021-2023); «Нарты. Адыгский эпос» - томиплI хъууэ (Н., 2024-2025); «Народы Кавказа в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 гг: историческая память, уроки, противодействие фальсификациям (к 80-летию Великой Победы)» (Н., 2025) тхылъ купщIафIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи цIэ къисIуа дэтхэнэ лэжьыгъэри къалъытащ КъБР-м, УФ-м зэрыщыту я лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIауэ. Абыхэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэр щIыналъэ казказыдж IэнатIэм и закъуэ ехьэлIакъым, атIэ къэралпсо, дунейпсо гуманитар щIэныгъэмрэ щэнхабзэ-тхыдэ зыужьыныгъэмрэ адэкIэ зыгъэкIуатэщ, зыIэтщ, зезыгъэужьщ. Щхьэ закъуэ лэжьыгъэу е щIэныгъэлI гупхэм зэдагъэзэщIауэ щыт а къыдэкIыгъуэхэм яхэтщ пщIэ хэха къэзыхьахэри. Апхуэдэу, институтым и щIэныгъэлI гупхэм 2018 гъэм къыдагъэкIауэ щыта монографиеу тIум, Жданов Ю.А. и цIэр зезыхьэ XI Дунейпсо щIэныгъэ зэпеуэм щытекIуэри, езанэ нагъыщэ ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, институтыр къызэрызэIуахрэ ди щIэныгъэлIхэм дунейм къытрагъэхьащ тхылъ 1000-м щIигъу, монографие къэхутэныгъэ щхьэхуэу 600-м щIигъу абы хэту. КъинэмыщIауэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 40 гъэхэм я кIэухым къыщыщIэдзауэ къыдэкIыу хуежьащ «Ученые записки» журналыр, Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я тхыдэхэм теухуа статьяхэр, «Вестник КБНИИ» (иджы - «Вестник КБИГИ» журналыр), «Исторический вестник», нэгъуэщIхэри.

Институтым иригъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр, къиугъуей щIэныгъэщIэхэр шэщIауэ къыщагъэсэбэп ди республикэм и гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым. ТхыдэмкIэ, бзэмрэ литературэмкIэ, щэнхабзэмкIэ къыдэкI лэжьыгъэхэр щIыналъэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэтхэм сэбэпышхуэ щохъу. Языныкъуэхэм деж абыхэм ятещIыхьа мэхъу зэреджэ программэхэр зэрыщыту, сыту жыпIэмэ щIэныгъэ лъабжьэ зиIэ хъыбарылъэ пэжу щытщи.

Ди щIэныгъэлIхэм я къалэмыпэм къыпыкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ди деж и мызакъуэу, щIэупщIэшхуэ щаIэщ адыгэ, балъкъэр хэхэсхэр щыпсэу хамэ къэрал куэдым. Апхуэдэхэщ Тыркур, Сириер, Иорданиер, США-р, Къэзахъстаныр, Къыргъызыр, нэгъуэщIхэри.

- Зи гугъу къытхуэпщIа лэжьыгъэхэр къызэрымыкIуэщ, лъэпкъ щIэныгъэлIхэм я пщIэри, я щIыхьри жылагъуэм къыщызыIэтщ, Къасболэт. Кавказпсо, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр утыку къыщифхьэкIэ, фэ, шэч хэмылъу, фадолажьэ къэралым, гъунэгъу щIыналъэхэм щыIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм...

- НтIэ, Iэмал имыIэу. Зы дуней дыщытеткIэ, зы лъэхъэнэ дыщыщыпсэукIэ, дэтхэнэми блэкIа дыщиIэкIэ, дызэрощIэ, дызэдолажьэ, дызочэнджэщ. Ди къэралым и щIэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъ пажэхэм халъытэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди институтыр нобэ шэщIауэ ядолажьэ Кавказ Ищхъэрэми, Урысей Федерацэми, хамэ щыпIэхэми щыIэ къэхутакIуэ институтхэм, щIэныгъэ центрхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ куэдым. Лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ дапыщIащ Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм. Къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр ядыдогъэкIуэкI РАН-м Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэ, Этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтым, Урысей тхыдэмкIэ и институтым, Бзэр джынымкIэ и институтым, дунейпсо литературэмкIэ институтым, АрхеологиемкIэ и институтым, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м, Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, Абхъаз Республикэм и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ Стратегие къэхутэныгъэхэмкIэ центрым, нэгъуэщIхэми.

КъинэмыщIауэ, IуэхущIапIэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм хиубыдэу, ди закъуи, нэгъуэщI институтхэр, университетхэр, щIэныгъэ центрхэр ди гъусэуи къызыдогъэпэщ щIэныгъэ зэхуэс зэхуэмыдэхэр. Абыхэм ящыщщ «Нартхэм я хъыбархэр зэныбжьэгъугъэм и эпосщ» дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр, Этнологиемрэ антропологиемкIэ институтым, Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэм, и гъусэу къызэдгъэпэщар. Апхуэдэщ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум едгъэщIылIа дунейпсо зэхыхьэри «ЦIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм ТекIуэныгъэ Иныр 1941 - 1945 гъэхэм къикIыхьащ» урысейпсо Iуэхури. Апхуэдэ зэхуэсхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи щэнхабзэ мыхьэнэкIи лъабжьэфI ягъуэт лъэпкъхэр зэгурыIуэу, зым адрейм и хабзэхэм пщIэ хуащIу къызэдекIуэкIынымкIэ.

Ди лэжьакIуэхэр япыщIащ хамэ къэралхэм щыщ щIэныгъэлI куэдым, апхуэдэуи зрагъэужь щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэхэм. Ди щIэныгъэлIхэр еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм, зэреджэ тхылъхэмрэ программэхэмрэ, зыужьыныгъэмкIэ концепцэхэм ехьэлIа я дэфтэрхэр къэзыпщытэ эксперт гупхэм хэтщ. Куэд ирагъэблагъэ диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ къэрал комиссэхэм, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм я ЗэзыгъэуIу советхэм, жылагъуэ советхэм. Ахэр хэтщ Урысей тхыдэ, географие зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ къудамэхэм. Апхуэдэу Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм я щIыналъэ эксперту мэлажьэ.

- Къэрал зыужьыныгъэм и джэлэс нэхъыщхьэ нобэ хъуахэм ящыщщ УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къыхалъхьауэ илъэс 20 лъандэрэ ди Хэкум щылажьэ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ. Ахэр гъэзэщIэным фызэрыхэт щIыкIэм къытхутепсэлъыхьыт, Къасболэт.

- Академическэ къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр зэрыригъэкIуэкIым къыдэкIуэу, УФ-м и Президентым 2006 гъэм къыхилъхьауэ щыта лъэпкъ проектхэм, къэрал программэхэм, абыхэм къапкърыкIыжа пэхуэщIэхэр гъэзэщIэнми жыджэру хэтщ ди институтыр дапщэщи. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым ис цIыхубэм къадекIуэкI хабзэхэр, псэкупсэ-щэнхабзэ беягъыр хъумэным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, Урысей Федерацэм и къэрал лъабжьэр гъэбыдэным, абыхэм адэкIи зегъэужьыным хуэгъэпсахэм дызэрытелажьэр. Абы и щапхъэу къэсхьынщ «УФ-м и къэрал лъэпкъ политикэм и стратегиер 2025 гъэ пщIондэ», «УФ-м и къэрал щэнхабзэ политикэр 2030 гъэ пщIондэ» программэ инхэм дызэрыхэтыр.

ЖыпIэнурамэ, лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ ди лэжьыгъэм. А псори хуэунэтIащ ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм, жылагъуэм, УФ-м и зы субъекту щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм я тхыдэр, иджырей зэманым ягъуэт зыужьыныгъэр джыным, лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр, я анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ хъумэным, къэрал властымрэ жылагъуэ институтхэмрэ щIэныгъэм и пэжыр зи лъабжьэ хъыбархэмкIэ къызэгъэпэщыным, республикэм, хэкум социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ къапэщылъ къалэнхэр тэрэзу зэфIэха хъунымкIэ ядэIэпыкъуным.

Институтым и IэщIагъэлI гупым жылагъуэ и лъэныкъуэкIэ я пщэрылъхэм хохьэ социальнэ, гуманитар щIэныгъэхэр здынэса лъагапIэхэр къэмыгъэлъэхъшауэ адэкIи зегъэIэтыным, республикэмрэ къэралымрэ зэдэууэ зегъэужьыным, къэхъукъащIэхэм я пэжыпIэр бэм къагурыгъэIуэным, захуагъэр зи лъабжьэ гупсысэ узэщIыным, игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI хабзэхэмрэ лъэхъэнэщIэхэм къытхуахьхэмрэ зэхэгъэзэгъэным, ауэ щыхъукIи лъэпкъ лъапIэныгъэхэр хъумэныр япэ иддгъэщрэ иджырей зэманми дыдэбэкъуэфын зэрыхуейр зыщыдмыгъэгъупщэу.

Кавказ Ищхъэрэр игъащIэми къекIуэкIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэдэпсэу, я щэнхабзэхэри хабзэхэри щызэпыщIа щIыналъэ телъыджэу. Апхуэдэуи Кавказыр ижь-ижьыж лъандэрэ кууэ хэтщ Урысей къэралыгъуэм щекIуэкI социально-политикэ Iуэхухэм. А псори къыдгурыIуэу, ди институтым и IэщIагъэлIхэр дыхуэщIокъу ди пщэрылъ къалэнхэр нэсу, къызыхуэтыншэу, хьэлэлу зэрыдгъэзэщIэным, сыту жыпIэмэ абы зыкъомкIэ елъытащ ди лъэпкъхэм я тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр ди ужь къиувэнухэм къызэращтэнур щIыкIэр - ар щIэин лъапIэу къалъытэрэ сакъыу яхъумэмэ, яджмэ, ирагъэфIакIуэмэ, аращ лъэпкъ узыншэ, махуэ, лъэужьыфIэ жыхуаIэжри.

- Упсэу, Къасболэт. Ди щIыналъэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ хуэгъэпса фи мурадхэр къывэхъулIэу, хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъууэ, зэфIэфх щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм нобэ хуэдэу пщIэрэ щIыхьрэ яIэу куэдрэ цIыхубэм фахуэлэжьэну, узыншэу фыпсэуну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

КъызэгъэпэщакIуэ щыпкъэт



Хэкур зэрыгушхуэ, зэрыпагэ, щытхъу ин зыхуэфащэ цIыху куэд диIэщ адыгэ лъэпкъым. Абыхэм ди щIыналъэм и цIэр фIыкIэ щагъэIуащ щIэныгъэм е щэнхабзэм, политикэм е экономикэм, гуащIэдэкI лэжьыгъэм е псэуныгъэм я нэгъуэщI IэнатIэхэм. Апхуэдэ цIыху щыпкъэхэм ящыщщ нобэ дигу къэдгъэкIыж, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академик Гугу Рэшад Хъусен и къуэр (1927-2002).

ЗАУЭ зэманхэм еджапIэхэр щытыкIэ гугъум итт: езыгъэджэни зэреджэни дахэ-дахэу ягъуэтыртэкъым. Джэдыкъуэ дэта, япэ илъэсхэм Рэшад щеджа, иужькIи ар зи унафэщI хъужа я еджапIэ цIыкIури апхуэдэ гугъуехьхэм хэтащ икIи, апхуэдэ еджапIэхэм щIэсхэм абыхэм щIэныгъэ гуэр къыщIахамэ, зи фIыщIэр, псом япэу, езы ныбжьыщIэхэрщ, абыхэм я ерыщагъырщ. Апхуэдэ ерыщагъ и щIалэгъуэм зыхэзылъхьэфа ныбжьыщIэр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужь псэху, еш имыщIэу йоджэ, IэщIагъэ къыхихам хуэпэжщ.

Гугур илъэс 50-м нэскIэ щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым. ЩIэныгъэ лэжьакIуэу къыщIидзэри, ар хъуащ тхыдэ къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыжь, и унафэщI. 1988 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м нэскIэ институтым и тхьэмадэ къалэныр дагъуэншэу ирихьэкIащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу а IуэхущIапIэм и щIэныгъэлIхэм къэралпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зэфIахащ. Гугум къызэригъэпэщауэ щытащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхуэгъэза лэжьыгъэшхуэ куэд. Абыхэм ящыщт щIэныгъэ экспедицэ щхьэхуэ Сирием, Тыркум, Иорданием ягъэкIуауэ зэрыщытар. Институтым и лэжьакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи я щапхъэт щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт, унафэщI щыпкъэ, хэкупсэ икIи цIыху пэж Гугу Рэшад.

ЩIэныгъэлI пажэм езыми и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ тхыгъэ куэд. Апхуэдэхэщ абы и лэжьыгъэхэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым революцэ зэщIэхъееныгъэр зэрыщекIуэкIар», «Тэрч щIыналъэм Советхэр зэрыщытекIуар», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ», нэгъуэщIхэри. Ныкъуэтхыу къэнауэ щытащ «Къалмыкъ БетIал» щIэныгъэ-къэхутэныгъэ тхылъыр.

- И лъэпкъым и гъащIэ блэкIар абы нэгъэсауэ кууэ зэрищIэр, ар къекIуу, пэжу къызэриIуэтэн, зэрызэфIигъэувэжын зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр, зытетхыхьхэм я псэм и хуабагъ зэрыхэплъагъуэр щIэныгъэлI щэджащэм нэхъ щызу, кууэ къыщигъэлъэгъуащ и иужьрей тхылъ хьэлэмэтыщэ «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 18-нэ лIэщIыгъуэм зэрыта щытыкIэмрэ абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэмрэ» жыхуиIэм, 1999 гъэм дунейм къытехьам, - жиIэгъащ лъэпкъ еджагъэшхуэ ХьэкIуащэ Андрей Гугум щхьэкIэ. - Адыгэ тхыдэм теухуауэ а щIэныгъэлI цIэрыIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэм яхуэфащэ пщIэр дэ тхузэхэгъэкIыну къыщIэкIынкъым, ар ди IэщIагъэу зэрыщымытым къыхэкIкIэ, ауэ зи лъэпкъым и къекIуэкIыкIам набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ сэ жысIэфынущ Гугу Рэшад лъэпкъ тхыдэтххэм я нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр, абы и цIэ лъапIэр адыгэ тхыдэм къызэрыхэнэнур.

Адыгэ тхыдэм елэжьыфын щIэныгъэлI нэс адыгэхэм къыщытхэкIар Хэку зауэшхуэм иужь лъэхъэнэхэрщ. Ахэращ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэ хьэлъэр пэжу, нэсу япэ зыубзыхуахэр, зэфIэзыгъэувэжахэр. А къалэн хьэлъэр зи пщэ къыдэхуахэм икIи ехъулIэныгъэ хэлъу ар зылэжьахэм ящыщщ Гугу Рэшад. Ар щылэжьа илъэсхэм ди республикэм адыгэ тхыдэм теухуауэ Iуэху къыщрахьэжьауэ, зэIущIэ щекIуэкIауэ къыщIэкIынкъым, а щIэныгъэлI гъуэзэджэм и жэрдэм хэмылъу, ар къыщымыпсэлъауэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэрщ лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнэ зэIумыбз зыбжанэ иджырей щIэныгъэм и хабзэм тету зэфIэзыгъэувэжар, къэзылъхуахэм я гъащIэм и къекIуэкIыкIар лъэпкъым и нобэрей щIэблэм пэжу къахуэзыIуатэр.

Лъытэныгъэ ин игъуэтащ Гугум и гуащIэдэкIым. Абы къыфIаща щIэныгъэ цIэ лъагэхэм нэмыщI, къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ, щIыхь, щытхъу тхылъхэр.

КЪАРДЭН Ритэ.

Бзэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэ

Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI еджагъэшхуэхэм ящыщщ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Президумым, КъБР-м и Правительствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща БищIо Борис Чэмал и къуэр. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIор илъэс 25-м нэсауэ и унафэщIщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм.

ЛЭСКЭН районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1952 гъэм къыщалъхуащ БищIо Борис. Жылэм дэт курыт еджапIэр хъарзынэу къиуха нэужь, 1970-1972 гъэхэм къулыкъу щищIащ Советыдзэм. Лъэпкъыбзэм, тхыдэм, щэнхабзэм дахьэх Борис щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и урыс-адыгэ къудамэм.

Къыхиха IэщIагъэмкIэ 1977 гъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъуэта щIалэщIэр ягъэкIуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и аспирантурэм. А илъэсхэм ар гупсэхуу щIэдэIуащ къэралпсо, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлIхэм я лекцэхэм, кууэ щIиджыкIащ и IэщIагъэм теухуа литературэр. Москва щыщеджа илъэсхэм Борис игъэхьэзыращ зэгъэпщэныгъэм деж причастием адыгэбзэм щигъэзащIэ мыхьэнэм теухуа и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. 1984 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар пхигъэкIащ БищIом икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ.

БзэщIэныгъэм и Iыхьэхэу грамматикэ (морфологиемрэ псалъэ къэхъукIэмрэ), фразеологие, лексикографие (псалъалъэхэр), нэгъуэщIхэми ехьэлIа къэхутэныгъэ куэд зэфIихащ БищIом. Абыхэм ящыщщ «Зэгъэпщэныгъэм и деж причастиер адыгэбзэм къызэрыщыгъэлъэгъуар» (Налшык, 1992), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэмрэ лексикофразеологиемрэ» (Налшык, 2005). Зи цIэ къитIуа иужьрей къэхутэныгъэр и лъабжьэу БищIом 2006 гъэм утыку къырихьащ и доктор диссертацэр. ЩIэныгъэ дунейм щIэупщIэшхуэ щызиIа а лэжьыгъэр ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ абы икIи филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр къыфIащащ.

БищIом хэлъхьэныгъэшхуэ зыхуищI унэтIыгъэхэм ящыщщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лексиографиер. Ар яхэтащ «Адыгэбзэ псалъалъэр» (Москва, 1999) зыгъэхьэзыра щIэныгъэлI гупым. Апхуэдэу щIэныгъэлIым и редакцэм щIэту 2013 гъэм къыдэкIа «ЕджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэ» инри хуабжьу къэхуосэбэп, школакIуэхэм я мызакъуэу, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм, бзэм ирилажьэ IэщIагъэлIхэм. Куэдым яфIэхьэлэмэтащ БищIом 2015 гъэм къыдигъэкIа «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» тхылъри.

Адыгэ бзэщIэныгъэм и лъагапIэщIэ хъуащ БищIо Борис и редакцэм щIэту дунейм къытехьа Урыс-Адыгэ псалъалъэр. Ар и инагъкIи, и купщIэкIи къащхьэщокI нэхъапэIуэкIэ къыдэкIауэ щыта апхуэдэ псалъалъэхэм. Псалъэрэ псэлъафэу мин 75-м щIигъу зэрыт а къыдэкIыгъуэм наIуэу къыщыгъэлъэгъуащ иужьрей илъэсхэм адыгэбзэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр. БищIом зэрыжиIэмкIэ, мы къыдэкIыгъуэм ихуащ литературэбзэ псалъэхэм нэмыщI, къызэрыкIуэ, жьэрыIуатэбзэ, щIыпIэбзэ псалъэхэри, адэкIэ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа фIэщыгъэ куэд дыди. Абы щыгъуэми, Iэмал иIэххэмэ, ахэр а зэрыщыту ди бзэм хамыгъэувэу, зэрызэрадзэкIыным, абыхэм адыгэцIэ зэрыфIащыным егугъуащ, адыгэбзэм псалъэщIэхэр къыхагъэхъуэну я мураду.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр 2017 гъэм яужь ихьащ щIэныгъэ академическэ грамматикэ адыгэбзэкIэ тхыным. А проектыр гъэзэщIа хъун папщIэ, БищIом зэхилъхьащ бзэщIэныгъэ фIэщыгъэхэмкIэ урыс-адыгэ псалъалъэ икIи ар и лъабжьэу зи гугъу тщIы фIэщыгъэхэм хуэдэу 1100-м щIигъу щIэуэ къэдгъэсэбэпын щIэддзащ, ахэр псори мы псалъалъэ къыдэкIыгъуэм лъэтеувэ щIыкIэу хагъэхьауэ щытащ.

А Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу щIэныгъэлI щыпкъэр, хэкупсэ нэсыр йолэжь адыгэбзэм и алыфбеймрэ орфографиемрэ егъэфIэкIуэным, адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ зэшэлIэным. Алфавитыр, пэжырытхэр, нагъыщэ гъэувыкIэр зэхъуэкIыным и проектыр зыгъэхьэзырхэми яхэтщ БищIор. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» Хабзэр, Программэр зэхэзыгъэувахэм ящыщщи, щIэныгъэлI набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ ахэр зэрагъэзащIэм, абыхэм ятеухуауи КъБР-м и Парламентым и утыку зыбжанэрэ къыщыпсэлъащ. Бзэм, лъэпкъым я къэкIуэнум тещIыхьауэ ар куэдрэ къыщопсалъэ къэралпсо, дунейпсо зэхыхьэхэми.

Щалъхуа и хэкум, къызыхэкIа лъэпкъым псэ хьэлэлу хуэлажьэ цIыху щыпкъэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэм зэфIигъэкI дэтхэнэ лэжьыгъэри щIыналъэм и зыужьыныгъэм хуэгъэпса хэлъхьэныгъэ инщ. БищIом адыгэ лъэпкъым и ехъулIэныгъэм хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм иджыри къызэрыпыкIынум, IуэхугъуэфI куэд зэрызэфIихынум шэч хэлъкъым.

ТАМБИЙ Линэ.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

ЛIымрэ зэшищымрэ

(Таурыхъ)

Зэщищ псэурти, бжэн зыщыплI фIэкIа дэттэкъым я пщIантIэ. НэгъуэщI мылъку ябгъэдэлътэкъым.

- Ар хъункъым, дежьэнщи, дылIыщIэнщ, зыгуэр зэдгъэпэщынщ, - жаIащ зэшищым.

Я нэхъыжьыр япэ ежьащ, зы бжэн иришажьэри. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, зылI ирихьэлIащ: лIыр мавэри вапIэм итщ.

- Дэнэ укIуэрэ? - къеупщIащ лIыр.

- СызыгъэлIыщIэн солъыхъуэ, - жиIащ щIалэм.

- Сэ узгъэлIыщIэнщ, - къыжриIащ лIым. - ВакIуэ дыкъихьэжыху укъысхуэлIыщIэмэ, зы жэмыщIэ уэстынщ.

- Хъунщ, - жиIэри еувэлIащ, выщхьэм шэсри къевэкIыурэ шэджагъуэ хъуащ.

- КIуэ, - жиIащ лIым, - выр псафэ ху, апщIондэху сэ уи бжэныр сукIынщи, згъэвэнщ.

ЩIалэм витIыр псафэ ихуащ. Ар къэсыжыху, лIым бжэныр иукIщ, игъавэщ, ишхри зигъэукIуриижащ.

- Си Iыхьэр-щэ? - жиIащ щIалэм, къэсыжри.

- КъэзыкIухь Iыхьэншэщ, - жиIащ лIым. - Выр псы ебгъэфамэ, щIэщIэжи, выщхьэм шэс.

- Сымышхауэ сышэсынукъым: си щхьэр унэзэнущ, - жиIащ щIалэм.

- Уэ лIыщIэ ухъунукъым! - щIалэр кърихужьэжащ лIым, и бжэныр фIишхри.

ЩIалэр и унэ екIуэлIэжащ.

- Бжэныр дэнэ пхьа? - къеупщIащ и къуэшитIыр.

- Хьэм сфIашхащ, - бжэныр зышхар ибзыщIащ шынэхъыжьым.

Курытыр ежьащ итIанэ. Абыи зы бжэн здришэжьащ. Курытым и бжэнри фIишхащ лIым, фIишхри, езыри кърихужьэжащ. Я шынэхъыщIэри ежьащ, зы бжэн и бжьэ кIапсэ ирищIэри. ВапIэм нэсауэ, лIым ирихьэлIащ.

- Дэнэ укIуэрэ? - къеупщIащ лIыр.

- СызыгъэлIыщIэн солъыхъуэ, - жиIащ щIалэм.

- Сэ узгъэлIыщIэнщ. ВакIуэ дыкъихьэжыху усхуэлIыщIэмэ, зы жэмыщIэ уэстынщ.

- Хъунщ, - жиIэри еувэлIащ, выщхьэм шэсри къевэкIыурэ шэджагъуэ хъуащ.

- Выр щIэтIыкIи, псафэ ху, - жиIащ лIым, пхъэIэщэкIыр иутIыпщри. - Укъэсыжыху, сэ бжэныр сукIынщи, згъэвэнщ.

Бжэныр жыгым епхауэ кIэрытти, лIым сэр дидзэху, щIалэм кIапсэр зэпигъэлъэтри, бжэн мэжэлIар лъеящ. ЩIалэм выр псафэ ихуащ, псым зэприхури, деич цIынэкIэ яхэуэурэ губгъуэм ириутIыпщхьащ. ЩIалэр къэсыжыху, лIыр бжэным и ужь итащ, къыхуэмыубыдурэ. ЛIым пщIэнтIэпсыр къыпыхуауэ къэсыжащ щIалэр, выр къихужакъым.

- Выр дэнэ пхьа? - и нэр къихуащ лIым.

- ЦIыври сIэщIэкIащ, - жиIащ щIалэм. - Бжэныр бгъэвакъэ?

- Выр псафэ зэрыпху лъандэрэ бжэным и ужь ситщи, зыкъызигъэубыдыркъым, - пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIащ лIым.

- Выри цIывамэ, бжэнри лъеямэ, иджы тщIэнур сыт? - жиIащ щIалэм.

- Бжэным зигъэнщIмэ, къекIуэлIэжынщ, си витIыр къехулIэж, - жиIащ лIым.

- КъесхулIэжынт, ауэ сащIыхьэнукъым. Вы цIывам ущIыхьэн?

- Теурэзыр къыпхукIуэ уэ, - жиIащ лIым. - Шыр бом щIэтщи, шэси, вым якIэлъыпхъэр.

Шэсри, щIалэр псым зэпрыкIащ, витIыр хъуным хэтти, ихури я Iуэм ириубыдащ.

- ВитIымрэ шымрэ дэнэ къипха? - къеупщIащ и къуэшхэр.

- Бжэныр зэвгъэшхам къызитащ, - жиIащ я шынэхъыщIэм. - ЛIыщIапщIэщ.

- Бжэныр пфIишха уэри?

- СфIишхакъым. Къысхуишэжынущ, - жиIащ шынэхъыщIэм. - Фэ унэм фис, сэ пщIантIэм сыдэтынщ. Бжэныр къишэжрэ лIыр къакIуэмэ, щыхьэт фысщIынущи, сыкъывэджа нэужь, фыкъыщIэкI, - жиIэри щIалэм и шынэхъыжьитIыр игъэIущащ...

«Си лIыщIэм выр къихужмэ, щIэсщIэжынщ», - жиIэурэ лIыр щIалэм зыкъомрэ пэплъащ, къыщимыхужым къызэребзэджэкIар къищIащ. ХъункIэ зигъэнщIати, бжэныр къекIуэлIэжащ, бжэным и бжьэм кIапсэ ирищIэри къежьащ, «Бжэным и ужь ситурэ сыкIуэмэ, къэзгъуэтынкъэ», - жиIэри.

Бжэныр, кIуэм-лъэурэ, зейм деж екIуэлIэжащ, лIыми кIапсэ кIапэр иутIыпщакъым, щIалэм и куэбжэм екIуэлIэху. ЛIыр щыджэм, щIалэр куэбжэм къыдэкIащ:

- Еблагъэ. Сыт ухуейт? - жиIэри.

- Бжэныр къыпхуэсшэжащ, - жиIащ лIым. - Си вымрэ си шымрэ къызэтыж.

- Дэнэ щыIэ, къысхуэпшэжамэ?

- Мыракъэ уи бжэныр? - жиIэри бжэным и бжьэм ищIа кIапсэр къишиящ лIым.

- Мыр бжэнкъым. Мыр джэдущ, - жиIащ щIалэм. - Сэ джэду ныпхуэсша?

- Дауэ зэрымыбжэныр? Нэпша дыдэращ.

- Уи нэр зэкIуэкIащ, джэдур бжэн къыщыпфIэщIыкIэ. Си унэ хьэщIэ исщи, хьэщIэр щыхьэт сщIынщ мыр зэрыджэдумкIэ.

И шынэхъыжьитIым еджащ щIалэр.

- Уа, си хьэщIэ! - щIалэм и шынэхъыжьитIыр унэм къикIащ.

- Мы джэдур щхьэ пщIэурэ? - жиIащ щIалэм и шынэхъыжьым, бжэным лы Iыхьэ хуидзри. - Гъуэгу утета хъунщ, джэдур щыбгъэмэжэлIакIэ. КIапси щхьэ ипщIа? КIапсэр зэрылъэдэнщи, зитхьэлэжынщ джэдум...

Я къуэш курытри къадежьууащ:

- Джэдущ жыпIэми, лей епх хъурэ: и гуэныхьым уигъэкIуэнкъым. - Бжэным пIастэ бзыгъэ хуидзри къыщIигъужащ. - КIапсэ зэрылъ джэду си щыпэлъагъущ...

ЛIыр и щхьэ щIэтIэхъуащ:

- Джэдууэ пIэрэ-тIэ?

- Зэрыджэдур умылъагъумэ, уи нэр зэкIуэкIащи, Iэзэ къодгъэплъынщ, - жиIащ я шынэхъыщIэм. - Джэду шырищ диIэщи, уэдгъэлъагъумэ, вырэ шыуэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу уэ. - ВитIыр Iуэм ириубыдати, кърригъэлъэгъуащ. - Выуэ къыпфIэщIрэ? Зэрыджэдур плъагъуркъэ?

- Солъагъу, - жиIащ лIым, укIытэри.

- Шыри кърригъэлъэгъуащ, бом щIишэри:

- Мыри шыуэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу уэ. Зэрыджэдур плъагъуркъэ? Дзыгъуащэ къежьащ...

- Солъагъу...

ЛIыр зэшищым я пщIантIэм къыдэкIыжащ: «Мы угъурсызхэм си напэр трахынущ», - жиIэри. ВитIри шыри зэшищым къахуигъэнащ, бжэнри ялъридзэжри, кIэбгъу зищIыжащ.

Сосрыкъуэрэ Шужьейрэ

(Нарт тхыдэжь)

Шужьей пхъу дахэ иIэт. Абы и хъыбар Iури, цIэрыIуэ хъуащ, псэлъыхъухэр къыхуопсых, арщхьэкIэ дзы яфIищурэ зыми яхудэкIуэркъым.

- Шужьей и пхъум сылъыхъунщ, - жиIэри, зы щауэ къэшэсащ. КъыздэкIуэм, Iэхъуэ ирихьэлIэри, зыхуигъэзащ:

- Шужьей и унэ сыщыгъэгъуазэ, - жиIэри.

- Шужьей и унэр унэ хужь кIыхьщ, - къыжриIащ Iэхъуэм. - БанапцIэ сэрейкIэ къэхухьащ, я бжэIупэр псэлъыхъум яутэурэ бдзантхьэ ятIэ хъуащи, ухэнэмэ, уукIытэжынщ.

- Банэ пIураулъэф, - жиIэри, шур Iэхъуэм блэкIащ, Шужьей и унэм ирихулIэри, шыр фIэдзапIэм щигъэбэяуащ, езыр Шужьей и пхъум деж ихьащ. Щауэр Шужьей и пхъум бгъэдэсыху, куэбжэр ирагъэжалIэри, пхъэрыгъажэ ирагъэлъэдэжащ:

- ЛIыгъэ иIэмэ, дэкIыжынщ, - жаIэри.

Ар щхьэкIуэ щыхъури, щауэр унэм къикIыжащ, и зы шабзэ бжэIупэм щыхисэри, банапцIэ сэрейр шыбгъэкIэ ирищIыкIащ.

Шур дэкIыжа нэужь, шабзэм и гугъу хуащIащ Шужьей. Хэт еIами, шабзэр къыхэзычыжыфын къахэкIакъым.

Шабзэр къыхэзычыжыфым си пхъур естынщ, - жиIэри хъыбар игъэIуащ Шужьей. Сосрыкъуэ деж нэсащ шабзэм и хъыбарыр. Шэсри, Шужьей и унэм ихьащ Сосрыкъуэ.

- Шабзэр къыхэзычыжыфым уи пхъур ептыныр пэж? - еупщIащ ар Шужьей.

- Пэжщ, естынущ, - жиIащ Шужьей.

Шабзэм бгъэдыхьэри къеплъащ-неплъащ Сосрыкъуэ. ЕIа щхьэкIэ къыхухэчакъым. Жэщым псы щIикIэурэ игъэтIасхъэри къыхичащ шабзэр.

- Уи пхъур къызэт, шабзэр къыхэсчащ, - жиIащ Сосрыкъуэ.

- ТхьэгъэпцI цIыкIу, - къещащ Шужьей, - псы щIэпкIэурэ къэбгъэтIасхъэри къыхэпчащ шабзэр. Си пхъур щIостын бдэслъэгъуакъым.

- Къызумытмэ, пфIэсхьынщ, - жиIэри, Сосрыкъуэ Шужьей и унэ икIыжащ.

Сосрыкъуэ шабзэр хэзыса щауэм лъэщIыхьэри зэтригъэувыIащ.

- Уэри щхьэкIуэ уиIэщ, сэри щхьэкIуэ сиIэщ, - жриIащ Сосрыкъуэ щауэм. - Шужьей бий сщIынущи, гъусэ къысхуэхъу.

- Хъунщ, - жиIащ щауэм, - щхьэкIуэ схьыуэ сыкIуэжынкъым, гъусэ сыпхуэхъунщ.

Абдежым Сосрыкъуэ Iуащхьэм теуващ, щауэм Iуащхьэ лъапэр увыпIэ ищIащ: Шужьей и къуажэм цIыхуи къыдагъэкIыркъым, цIыхуи дагъэхьэркъым.

Лъэпщ деж щыIауэ кIыщым къыздикIыжым, шыр щтэри, Шужьей уанэм къихуащ. Шым къыщехуэхым, зы шабзэр Iэпыхури зэпыщIыкIащ. Зы шабзэр ихьри, унэм ихьэжащ Шужьей. Къыхуэнар зы шабзэщ, и бийр тIу мэхъу. И пхъур къриджащ.

- Iуащхьэм тетым сеуэн хьэмэрэ Iуащхьэ лъапэм тетым сеуэн? - еупщIащ и пхъум.

- Iуащхьэм тетым еуэ, - жиIащ Шужьей и пхъум.

«Щауэм дихьэхащ си пхъур», - жиIэри хузэгуэпри Шужьей дэкIащ, шабзэр зэIуидзэри, Iуащхьэ лъапэм тетым еуащ. Шужьей уэщхъу и хабзэтэкъыми, шабзэр бгы лъапэм тетым техуэри, щауэр и пIэ кърригъэкIакъым.

- Зыр сукIамэ, адрейм сыт лъэкIыжын? - жиIэри, Шужьей игу зэгъэжащ.

Щауэр Шужьейм къызэриукIар щилъагъум, Сосрыкъуэ лIа нэпцI зищIауэ, Iэхъуэр ирихьэлIащ. Йоплъри - псэ хэтыж хуэдэкъым: ахъи-быхъи жиIэркъым. Къыщыдыхьэжым, Шужьей еупщIащ Iэхъуэр:

- Сосрыкъуи букIа? - жиIэри.

- СукIакъым, - къыжриIащ.

- Дауэ умыукIынрэ: лIауэ телъщ Iуащхьэм.

- ЛIа нэпцI зищIащ, - жиIащ Шужьей. - ЛIарэ псэурэ къэсщIэнщ, и лъэдакъэр фугъуэнрэ и лъэдий куцIыр къысхуэфхьмэ.

КIуэри, Сосрыкъуэ и лъэдакъэр яугъуэнщ, и лъэдий куцIыр кърахри, Шужьей къыхуахьащ. И лъэдакъэр щаугъуэнми и лъэдий куцIыр къыщрахми зигъэхъеякъым Сосрыкъуэ.

Шужьей куцIым епэмащ.

- ЛIакъым, псэущ, лIа нэпцI зищIауэ аращ, - жиIащ Шужьей. - И лIыхъужьыгу мэжьэражьэри щылъщ.

Щауэр зэриукIам щхьэкIэ и адэм игу хуэплъырти, Шужьей и пхъур къещащ:

- Щтэм зищIэжыркъым, ди адэ: и лIыхъужьыгукъым жьэражьэр, и хьэдэжьыгущ жьэражьэр, - жиIэри.

И пхъур къызэрещар щхьэкIуэ щыхъуауэ, Шужьей шэсри, Iуащхьэм дэкIащ, Сосрыкъуэ щхьэщыхьэри:

- Ущылъ зэпыти! Уи щхьэр фIэсхынкъэ! - жиIэри и джатэм епхъуащ.

- Сыщылъ зэпыткъым! - жиIэри Сосрыкъуэ къызэфIэуващ, Шужьеи джатэ Iэтыгъуэ иригъэхуакъым: къеуэри, и щхьэр тIууэ къызэгуихуащ.

Шужьей иукIщ, и пхъур ихьри Сосрыкъуэ ежьэжащ.

● КIэщIу

Гъуэгухэм зэпащIэ

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, дызыхыхьа илъэсым къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ Чернэ Речкэ, Благовещенскэ къуажэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур. Апхуэдэ унафэ республикэм къыщащтащ цIыхухэр абы зэрыщIэлъэIуар къалъытэри.

АВТОМОБИЛЬ гъуэгум километр 12,7-рэ и кIыхьагъщ икIи щIыналъэ мыхьэнэ иIэщ - абы зэпещIэ Аруан, Прохладнэ районхэр. Ар зыхуей хуагъэза нэужь, цIыхухэм гъуэгум трагъэкIуадэ зэманыр фIыуэ нэхъ кIэщI хъунущ. НобэкIэ, абы мывэкIэщхъ текIутауэ аращ икIи ущызекIуэным гугъуехь куэд пыщIащ, псом хуэмыдэу, дунейр щыуэтIпсытI зэманхэм ирихьэлIэу.

Лэжьыгъэхэм хиубыдэу гъуэгу лъабжьэр ягъэбыдэнущ, иужькIэ асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу тIуащIэу тралъхьэнущ, лъэмыжхэр, псы жапIэхэр зэрагъэпэжынущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыщыхагъэщхьэхукIынущ. Мурад щыIэщ дызыхыхьа илъэсым и кIэхэм ар зэфIагъэкIыну.

Къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIа

УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ 2017 гъэм къыхалъхьа «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр къэралым и щIыналъэхэм жыджэру щагъэзащIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрми абыхэм закъыкIэригъэхуркъым. ЖыпIэнурамэ, республикэм и жылэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэу 40-м щIигъу зэIузэпщ ящIащ нэгъабэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэми а лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI: щIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ, къуажэдэсхэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэрагъэпэщ, я псэукIэр ирагъэфIакIуэ.

Псалъэм къыдэкIуэу, 2024 гъэм районым и къуажэ зыбжанэм цIыхухэр куэду щызэхуэс, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэр зэIузэпщ щащIащ. Абыхэм ящыщщ Дзэлыкъуэдэс, Хьэбэз, Шордакъ жыг хадэ цIыкIухэр зэрыщащIар.

Илъэс блэкIам апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм Лыхьым и цIэр зезыхьэ и уэрамым. ЦIыхур куэду щызэблэкI а щIыпIэм щыIэ лъэс лъагъуэхэм плиткэхэр иралъхьащ, мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкIыжащ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ, жыг цIыкIухэр щагъэтIысащ, теплъэ дахэ иратащ, къэухьэри щагъэуващ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къармэхьэблэдэсхэр зыщыгуфIыкIа, абыхэм зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын щIыпIэ дахэ яIэ хъуащ.

Псы къабзэр япэщ

«Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2025 гъэм Шэджэм щIыналъэ администрацэм и мылъкукIэ зэрагъэпэщыжащ е щIэуэ яухуащ къалэмрэ жылэхэмрэ псы къабзэ зэрызэбгратыкI, унагъуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ ар езышалIэ бжьамийхэр.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, Шэджэм къалэм и «Ипщэ» хьэблэщIэм Къэбэрдей, Алъхъэсым и цIэр зезыхьэ и уэрамхэм бжьамиищIэхэр нэгъабэ щаукъуэдиящ, псори зэхэту километри 2,6-рэ я кIыхьагъыу. Апхуэдэ лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкIащ Булунгу, Каменкэ къуажэхэм.

Абыхэм нэмыщI, Шэджэм къалэм Ленинным и цIэр зезыхьэ и уэрамым псы къабзэ зэрыкIуэ, жьы хъуа бжьамийхэр мы махуэхэм щызэрахъуэкI. Ар зэрызэфIэкIыу, лэжьакIуэхэр пэрыхьэнущ Советскэ уэрамым и бжьамийхэр къэгъэщIэрэщIэжыным. Абыхэм зэхэту километри 6-м нэблагъэ я кIыхьагъщ.

Дызыхыхьа илъэсым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIынущ Шэджэм къалэм Шакъхэ я цIэкIэ щыIэ, Встречная, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм Лениным и цIэр зезыхьэ я уэрамхэм. Абыхэми жьы хъуа бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ икIи абы папщIэ зыхуеину материалхэр къанэ щымыIэу къащэхуащ.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэр зэIузэпщ щIыным ехьэлIауэ 2026 гъэм республикэм лэжьыгъэшхуэ щызэхаублэнущ. ЖыпIэнурамэ, школу 43-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщынущ, абыхэм ящыщу 5-м илъэситI пIалъэкIэ (2026 - 2027 гъэхэм) ахэр щрагъэкIуэкIынущ.

ПЭХУЭЩIЭМ хиубыдэнущ Налшык къалэмрэ Бахъсэн щIыналъэмрэ я курыт еджапIэу 8, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ районхэм ейуэ хырых, Лэскэн щIыналъэм - 4, Тэрч районым - 3, Прохладнэ къалэм, Шэрэдж, Май щIыналъэхэм я тIурытI, Шэджэм щIыналъэм и зы курыт еджапIэ.

Зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи ахэр хуэунэтIащ иджырей мардэм къитIасэ, еджакIуэ цIыкIухэм я тыншыпIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къыщызэгъэпэща, щIэныгъэ куу щрагъэгъуэт школхэм хуэдэхэм ахэр хуэгъэкIуэным.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Къалэнхэр ягъэзэщIащ

УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Хуснуллин Марат. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэралым и ухуэныгъэ IэнатIэмрэ щIыналъэщIэхэмрэ щыIэ зыужьыныгъэхэм.

ВИЦЕ-ПРЕМЬЕРЫМ къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIэ яIа пщэрылъхэр псори зэфIахащ. Апхуэдэу «ГъащIэм папщIэ ухуэныгъэхэр» лъэпкъ проектым къэхуигъэува лэжьыгъэхэми хъарзынэу ехъулIащ. Гъуэгу ухуэныгъэм щаIа къалэнхэр процент 20-кIэ щIрагъэгъуу ягъэзэщIащ.

Къэралым и щIыналъэщIэхэм щекIуэкI зыужьыныгъэхэм и гугъу щищIым, Хуснуллиным жиIащ а Iуэхум хухаха мылъкур процент 99,5-кIэ къызэрагъэсэбэпар. «Абы и лъэныкъуэкIэ къытпэщыта къалэн псори къэрал къулыкъущIапIэхэми ахэр зи нэIэ щIэт хэгъэгухэми зэфIагъэкIащ. Языныкъуэ щIыпIэхэм деж нэмыщIыса гуэрхэри щыIэщ, ауэ нэгъуэщI IэнатIэхэм деж лэжьыгъэр щIрагъэгъуу щагъэзэщIащ», - къыхигъэщащ абы.

Жэрдэмыр даIыгъмэ...

«Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэр зэрат хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ къелъытэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав.

МЫ зэманым а цIэ лъапIэр къыпхуагъэфэщэн папщIэ, цIыхухъухэр илъэс 25-кIэ, цIыхубзхэр илъэс 20-кIэ лэжьыгъэ IэнатIэм пэрытауэ, апхуэдэуи Iэмал имыIэу къэрал, ведомствэ дамыгъэхэмкIэ ягъэпэжауэ щытын хуейщ.

«Сэ а Iуэхум нэгъуэщI еплъыкIэ хузиIэщ, - щыжиIащ депутатым ТАСС-м и журналистым ирита интервьюм. - Къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр ямыIэми, «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зратхэр зэрылэжьауэ щытын хуей пIалъэм илъэс бжыгъэ гуэркIэ щIрагъэгъуамэ, абыхэми апхуэдэ гулъытэр яхуэфащэу къызолъытэ».

Нилов Ярослав къызэригъэлъагъуэмкIэ, цIэ лъапIэр къыпфIащын папщIэ, абы и хабзэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэ пIалъэм илъэситхукIэ щIезыгъэгъуахэми апхуэдэ Iэмалыр етыпхъэщ. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ а Iуэхум хэлIыфIыхьыфын папщIэ, профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIхэми зегъэубгъун хуейуэ.

ЩIышылэм и 20, гъубж

♦**1588 гъэм** урыс пащтыхь Фёдор Иван и къуэм Кремлым щригъэблэгъат Черкасскэхэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэрэ Къамболэт и къуэ Къудэнэтрэ.

♦**1921 гъэм** Бгырыс АССР-р къэунэхуащ.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ Ветеранхэм я республикэ советым щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщIу лэжьа, УФ-м и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Пщыбий СулътIан**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **НапщIэкъуий Заур**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Елмэс Албий**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Роберт**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ дуней псом самбэ бэнэкIэмкIэ тIэунейрэ и чемпион **Алъхъо Сыхьэтбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

ЩIышылэм и 21, *бэрэжьей*

♦**IэплIэ зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ**

♦**1918 гъэм** Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦**1985 гъэм** Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехыжащ.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Борис**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **БищIо Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 0 - 1, жэщым щIыIэр градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIыуэ плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ.

Нысэ къызэрагъуэтар

(Гъэсэпэтхыдэ)

Зы къуажэ гуэрым лIыфIщ жари пщIэ хуащIу дэсащ лIы гуэр. Зэгъунэгъуит I ижэгъу зэхуэхъуамэ, а лIыфIым деж къакIуэрэ зэригъэкIужу, щIы кIапэ зэпаубыдамэ, яшэрэ зэрагъэфIыжу апхуэдэу лIыфIт ар. Зы щIалэ закъуэ иIэт а лIыфIым, ауэ ещхь хэлътэкъым. КIуэ, щIалэ цIынэт иджыри. ЩIалэр и адэ ещхь мыхъуа щхьэкIэ, зэщыщ щIын хуейуэ арати, и къэшэгъуэ щыхъум нысэр езым къыхихыну лIыфIыр ежьащ.

Зы гув яIэти, гувыр зэщIищIэщ аби, таджэ цIыкIу иригъэуващ, мэз кхъужь цIыкIум хуэдэ изу ирикIутэри. Арати, ежьащ. Я гъунэгъу къуажэм дыхьэри, лIыфIыр гуоуэ хуежьащ:

- Мэз кхъужь пхъэнкIийкIэ сохъуэж, мэз кхъужь пхъэнкIийкIэ сохъуэж, - жиIэурэ...

Псори зэуэ къежащ: хэти пэгункIэ, хэти шыуаныжькIэ пхъэнкIийр къыдахыурэ мэз кхъужьыр къахъуэжащ.

ЛIыфIым и гур кIуэдащ, нысапхъэ схуэхъун сымыгъуэтыну ара, жиIэри. Апхуэдэурэ зыкъомрэ къикIухьауэ, сытми зы къуажэ пхыдза гуэрым дыхьащ. А зэрыгуом хуэдэу гуоурэ зы хъыджэбз гуэр зы унэ гуэрым къыдэкIащ. КъыдэкIар укIытапэрэ, и щхьэр къыхудэмыхьейуэ къыбгъэдыхьащ лIыфIым. И щIыбагъкIэ щиIыгъ Iэр кърихьэкIри щэкIыпхъэ хужьыбзэм кIуэцIылъу зэкIуэцIышыхьа лIыфIым къыхуишияц:

– Мыращ пхъэнкIийуэ диIэр, хуэзэм хуэдиз, кхъыIэ, къызэт, ди анэшхуэм куэду фIэфIщ мэз кхъужьри, тIэкIу езгъэшхынут, - жиIэри.

ЛIыфIыр къэгуфIащ, игу къызэрыгъуэтыжащ. Хъыджэбзым зыхуейр иритщ, езыри зыщыщыр зригъэцIыхури, иужьым лъыхъу игъэкIуащ. Къэбэрдеижьым ямылъэгъуауэ нысашэшхуэ иIэу яшауэ аращ жаIэжыр... Апхуэдэ щIыкIэкIэ лIыфIым нысэ къигъуэтащ, жаIэрти, нэхъыжьхэм драгъэдаIуэу щытащ.

Щоджэнхэ уэркъыгъэр къызэрахьам и хъыбар

Еуэри, жи, зекIуэ ежьауэ къэт ХьэтIохъущокъуэм и гуащэр лIащ. Гуащэр сымэджатэкъым, гъейшеятэкъым, Алыхь Iэмырт. Жылэм къехьэлъэкIащ гуащэр, нэхъ хьэлъэж ящыхъуари ХьэтIохъущокъуэпщым щхьэкIуэ зэрыхуащIыну щIыкIэр зэрамыщIэращ.

«Мыр лIыщ, мор лIыщхьэщ» жыхуаIэу Хэкум исыр къызэхуэсащ. Къызэхуэсри чэнджащэу хуежьащ, хэт щхьэкIуэ тщIын, хэт пщым лъидгъэхьэн, жаIэу. Ахэр апхуэдэу здызэхэсым зылI къахыхьащ мо тхьэмадэхэм.

- Сэ сыфхуещхьэкIуэнщ пщым, - жиIэри.

- Игъуэщ, дэгъуэщ, - жаIэри лIыр пщым деж яутIыпщащ.

ХьэтIохъущокъуэ и къуэри Къэбэрдейм и щIым къихьэжауэ, и шу гъусэхэри иужьым иту къэкIуэжу, жыжьэу плъэри, лIым къилъэгъуащ. ЛIыри а къызэрыкIуэм хуэдэу къэсщ, пщым сэмэгу зыкъыхуищIщ аби, зытIэкIурэ къэкIуахэщ. КъыздэкIуэм лIыр пщым еупщIащ:

- Зиусхьэн, ущIалэ дыдэу уи фыз лIэмэ, сыт хъунур? - жиIэри.

- Къэпшэжар здэбгъэшымкIэ шынщ, - жиIащ пщым.

- Зиусхьэн, лIыпIэ уиту уи фызыр лIэмэ, сыт хъунур? - жиIэри еупщIащ лIым иужьым.

- Къэпшэжам уздигъэшымкIэ ушынщ, - жиIащ ХьэтIохъущокъуэм.

- Зиусхьэн, уи ныбжь хэкIуэтауэ уи фыз лIэмэ, сыт хъунур? - жиIэри еупщIащ лIы гуэрыр.

- Быным уздагъэшымкIэ ушынщ, - жиIащ ХьэтIохъущокъуэпщым.

- Гуащэм и ужьыр махуэ Тхьэм пхуищI, зиусхьэн, - жиIащ итIанэ лIым.

ХьэтIохъущокъуэм зыкIи зыкъыхигъэщакъым. И жылэ къэсыжыху зы псалъи жиIакъым. Жылэм къыщысыжым шым къепсыхщ, шхуэмылакIэр илъэфу шыр иутIыпщри, ХьэтIохъущокъуэпщыр ину пыхьэу къуажэм дыхьэжащ.

Ар куэду ягъэщIэгъуащ жылэ тхьэмадэхэм, емыкIу къэзыщIахэри къахэкIащ, ауэ Къэзанокъуэ Жэбагъы ар идакъым:

- И фызракъым абы игъейр, и щхьэращ, - жиIэри.

Хьэдагъэр щызэхэкIыжым ХьэтIохъущокъуэпщым лIыр ириджэри жриIащ:

- УкъызэмыщхьэкIуауэу укъызэрыслъихьам пщIэ хуэсщIащ, Щоджэн и къуэ, си шу гъусэм уахэту услъагъумэ, ин срихъунщ, - жиIащ.

Абдежым Щоджэн и къуэр ХьэтIохъущокъуэм и шу гъусэ хъуащ, жери хъыбарым аращ къиIуатэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ЗэфІэкІ зиІэ сурэтыщІ

СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ музейм щагъэлъагъуэ «Сурэтхэм я хъыбарыр» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэси 199-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт, ЩІэныгъэхэмкІэ академием и академик, сурэтыщІ-дизайнер, художник-конструктор, егъэджакІуэ Французов Казбек и ІэдакъэщІэкІа лэжьыгъэхэр.

- КАЗБЕК и лэжьыгъэхэр зэуэ зы утыку щызэхуэхьэсауэ япэу зэрыслъагъур гуапэщ икІи сурэтхэм сфІэгъэщІэгъуэну сеплъащ. Гъуазджэм зэрихабзэщи, къытебгъэзэжу уеплъыху щІэ гуэрхэр абыхэм хыболъагъуэ, – жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым. - СурэтыщІым и лэжьыгъэхэм щыщ нэхъапэІуэкІэ ди республикэм и музейхэм, КъБКъУ-м, нэгъуэщІ утыкухэм щигъэлъэгъуащ. ДяпэкІи Казбек и ІэдакъэщІэкІхэмкІэ дигъэгуфІэну дыщогугъ.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныумрэ хъыбарегъащІэ Іуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщІ Текуев Амурбий и псалъэм къыхигъэщащ художникхэр я дуней лъагъукІэкІэ къызэрыгуэкІ цІыхухэм къазэрыщхьэщыкІыр, къапщтэмэ плъыфэхэр зэралъагъумкІэ, къуалэбзухэмрэ псэущхьэхэмрэ я макъхэр зэрызэхахымкІэ, блэкІам, тхыдэ щІэинхэм, ІуэрыІуатэм, хабзэм, щэнхабзэм зэрыщыгъуазэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІи. Текуевым щІигъужащ апхуэдэ зэфІэкІрэ щІэныгъэрэ зыбгъэдэлъ Французов Казбек и лэжьыгъэхэм я фІагъым зэрыхигъахъуэр, Къэрэшей-Шэрджэсми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыпсэухэр сурэтыщІ гъуазджэм и щэхухэм зэрыхигъэгъуазэр, а унэтІыныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІыр.

КъБР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ тхыдэм и хъумакІуэ, абы и напэкІуэцІхэр теплъэгъуэхэмрэ плъыфэхэмрэ къигъэсэбэпурэ зи лэжьыгъэхэм къыщызыгъэлъэгъуэж, и лъэпкъым и блэкІар цІыхубэм, щІэблэм я деж нэзыхьэс Французов Казбекрэ и щхьэгъусэ Тамарэрэ гуапэу ехъуэхъуащ.

«Сто шагов к Кайсыну» фондым и унафэщІ Тетуев Хьэдис Французов Казбек иритащ я ІуэхущІапІэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъыр, я фондым иригъэкІуэкІ щэнхабзэ, тхыдэ, жылагъуэ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтым, Урысейм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІым, Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэси 199-рэ щрикъум ирихьэлІэу «Сурэтхэм я хъыбарыр» гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэригъэпэщам папщІэ.

Филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, УФ-м и ТхакІуэхэми и Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Биттировэ Тамарэ фІыщІэ яхуищІащ зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлІахэм, выставкэм щызэхуахьэса тхыдэ лэжьыгъэхэр зигу дыхьахэм.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ къекІуэлІахэмрэ Французов Казбек фІыщІэ яхуищІащ. Абы жиІащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр мамыру, зэгурыІуэ яку дэлъу дяпэкІи зэдэпсэунымкІэ, нэхъри зэкъуэувэнымкІэ сурэтыщІ гъуазджэри сэбэп зэрыхъур.

Французов Казбек теухуауэ: Санкт-Петербург и художественно-промышленнэ академие Штиглиц и цІэр зезыхьэм дизайнымкІэ и факультетыр къиухащ. 1975 гъэ лъандэрэ гъэлъэгъуэныгъэхэм жыджэру хэтщ. Къэрэшей-балъкъэр лъэпкъым я къэщІэрэщІэжыныгъэм теухуауэ 2007-2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм къыщызэрагъэпэща выставкэхэм и лэжьыгъэхэр хигъэхьащ. И Іэдакъэ къыщІэкІа сурэтхэр щахъумэ Санкт-Петербург, Москва, Калининград, Владимир, Елабугэ къалэхэм, Ставрополь крайм, Тэтэрстаным, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, нэгъуэщІ къэралхэм.

Сурэт, скульптурэ щІыным теухуауэ иІэ зэфІэкІхэр къалъытэри, «Зодчество-2006» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм и «Дыщэ щІыхь тхылъыр», ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием, УФ-м и СурэтыщІхэм и зэгухьэныгъэм, УФ-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм, УФ-м и Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ и рескомым и лэжьакІуэхэм я щІыхь тхылъхэр, Гуртуев Берт и цІэкІэ ягъэува медалыр къыхуагъэфэщащ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ДифІ догъэлъапІэ

Макъамэр зи гъуэгугъэлъагъуэ

Темыркъан Борис и цІэр зезыхьэ КъБР-м и Къэрал филармоним и художественнэ унафэщІ икІи и уэрэджыІакІуэ Къашыргъэ Мухьэмэд и ныбжьыр щІышылэм и 16-м илъэс 70 ирикъуащ. Ар ди щхьэусыгъуэу иджыблагъэ дызэрепсэлъам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ:

- Мухьэмэд, уи ІэщІагъэр къызэрыхэпха хъуар, макъамэм узэрыдихьэхар, абы узэрыхуеджар сфІэгъэщІэгъуэнщ.

- Шэджэм щІыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм сыкъыщыхъуащ. Си адэр совхозым хэтт, си анэр унэгуащэт. Псом япэу си ІэщІагъэмкІэ щапхъэ схуэхъуар си анэрауэ къыщІэкІынщ. СызэрыцІыкІурэ, ди анэм сыт хуэдэ Іуэху ищІэми, дзапэ уэрэд Іурылъу е гущэкъу уэрэд жиІэу апхуэдэт. Арауэ къыщІэкІынщ уэрэд дедэІуэну тфІэфІу дыкъыщІэхъуам и щхьэусыгъуэри. А зэманым телевизор апхуэдэу щымыІами, адыгэ радиор зэпымыууэ лажьэрти, абы и нэтынхэмрэ концертхэмрэ дедаІуэрт. СощІэж Къуныжь Хьэждал, КъардэнгъущІ Зырамыку сымэ тфІэфІу дедаІуэу зэрыщытар. Апхуэдэ щІыкІэкІэ си гумрэ си псэмрэ уэрэдымрэ макъамэмрэ ета хъуауэ къыщІэкІынущ.

Курыт еджапІэм сыщыщІэсым, уэрэд жыІэнымкІэ ди егъэджакІуэ КІарэ Хьэсэн си макъым гу къылъитэри, классым сыкъыхишурэ уэрэд жызигъэІэрт. Москва Гнесинхэ я институт щыІэм щІэтІысхьэри, илъэс зы-тІу щеджауэ, зы Іуэху гуэр щхьэкІэ еджапІэр къигъэнэжын хуей хъуат абы. Школ самодеятельностым и хорым сыхэту, «Пусть всегда будет солнце», анэм теухуа нэгъуэщІ уэрэдхэр къыхэздзэрэ жысІэу, адрейхэр дежьууэ дыкъекІуэкІащ. Республикэм щекІуэкІ еплъыныгъэхэми сыхэту щытащ.

ЕплІанэ классыр къэзуха нэужь, КІарэ Хьэсэн Налшык сыкъиишэри адыгэ, балъкъэр щІалэ, хъыджэбз цІыкІухэр зыщІэс Музыкэ интернатым сыщІигъэтІысхьащ. А зэманым иджыри Музыкэ школхэр щыІэтэкъым. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ лэжьакІуэхэр ягъэхьэзырын папщІэ къызэрагъэпэщауэ щыта музыкэ интернатым илъэситхукІэ сыщеджащ. Музыкэ школыр, Музыкэ училищэр къыкІэлъыкІуащ абы. Иужьрейм илъэсиплІкІэ баян пшынэм сыщыхуеджащ. СыщыцІыкІум сиІа макъым сыкъыдэкІуэтея нэужь зэрызихъуэжам гу лъыстащ. Къыздеджэхэм я макъым сыдэплъейуэрэ сысейми зихъуэжат. Училищэ нэужьым, армэм сыкІуэщ, къэзгъэзэжри, Астрахань консерваторэм и уэрэджыІакІуэ къудамэм сыщІэтІысхьащ. КурситІ седжауэ, Воронеж ГъуазджэхэмкІэ и институтым зезгъэдзыжри абы къыщызухащ. Си ныбжьэгъу куэд абы зэрыщеджэм, а щІыпІэм и щІыуэпсыр дыдейм и щытыкІэм нэхъ зэрытпэгъунэгъурат Воронеж сыщІэкІуар. УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Воронеж къалэм оперэмрэ балетымкІэ и театрым и уэрэджыІакІуэ нэхъыщхьэ Колмаков Геннадий сригъэджащ. Нэхъыбэу сызыхуеджар оперэмрэ опереттэмрэщ, романс, классикэ уэрэдхэр гъэзэщІэнырщ. Ар зэбгъэщІа нэужь, къызэрыгуэкІ уэрэдхэр жыпІэныр, дауи, куэдкІэ нэхъ тыншт.

- Къэбгъэзэжа нэужь, лэжьыгъэр дауэ къохъулІа?

- СыкъэкІуэжа нэужь, япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэралтелерадиом и хорым и уэрэджыІакІуэу сыкъащтэри, илъэс зыбжанэкІэ сыхэтащ. Абы и унафэщІ Мыз Борис училищэм сыщыхуригъэджат, баяным нэмыщІ, цІыхубэ ІэмэпсымэхэмкІэ оркестрым и дирижер ІэщІагъэми. Консерваторэр къэзухауэ къыщызгъэзэжам сригъэблагъэри, илъэс зыбжанэкІэ дызэдэлэжьащ.

Музыкальнэ училищэм и унафэщІым къиІуэхури, абыи илъэс зытхухкІэ егъэджакІуэу сыщыІащ. КъинэмыщІауэ, Музыкэ театрми сыщылэжьащ, оперэхэм, опереттэхэм, спектаклхэм сыщыджэгуу.

Музыкэ театрым сыщыІэу, абы и дирижёр Бекъул Леонид лъэпкъ ІэмэпсымэхэмкІэ «Бжьамий» ансамблыр къызэригъэпэщауэ щытащ. Абы илъэс куэдкІэ сыхэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр филармонием 1999 гъэм сыкъакІуэри, 2001 гъэм мыбы и унафэщІу сагъэуващ. Алъандэрэ филармонием и художественнэ унафэщІу солажьэ, концертхэми уэрэджыІакІуэу сыхэтщ.

- Мухьэмэд, егъэджакІуэ ІэнатІэми упэрытащ. Музыкэ училищэм щебгъэджахэм ящыщу цІэрыІуэ хъуа уи гъэсэнхэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Музыкэ училищэм илъэс 15-17-м ит ныбжьыщІэхэр щезгъэджащ. Абыхэм ящыщщ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Нэхущ Чэримрэ Газаев Алимрэ. ИлъэситІкІэ ахэр езгъэджауэ армэм кІуащ. Къамыгъэзэжу институтым щІэтІысхьащ.

- Къыхэпха ІэщІагъэм гупсэхугъуэ къуитрэ?

- СызыщІэхъуэпс ІэщІагъэр къыхэсхащ. ЦІыхум дахагъэ, лъагъуныгъэ зыхебгъэщІэным нэхъыфІ сыт щыІэ?! Апхуэдэ Іэмал сызэриІэм срогуфІэ икІи срогушхуэр. Мы гъащІэм щынэхъыщхьэу къэслъытэри аращ. УсакІуэм и гум щыщІэр, уэрэдымкІэ цІыхубэм я деж нихьэсыну зыщІэхъуэпсыр ягурызгъэІуэнырщ сызыхущІэкъур.

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и нэІэм дыщІэту долажьэ. Іэмал зэриІэкІэ къэралым зыкъытщІегъакъуэ, концерт дыкІуэнумэ, дызыхуеину Іэмэпсымэрэ машинэрэ диІэщ, щІэблэм я гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ худощІ, ныкъуэдыкъуэхэм гулъытэ яхудощІ. Гуапэщ щэнхабзэм я гупэр хуагъэзэж зэрыхъуар.

- Мухьэмэд, КъБР-м и Къэрал филармонием щекІуэкІ лэжьыгъэм, фи гупхэм дащыбгъэгъуэзамэ арат.

- Филармонием гупиплІ диІэщ. Нэхъ къыхэбгъэщхьэхукІмэ, Симфоние оркестрым и гупыр цІыху 60 мэхъу. Абы нэмыщІ, макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ «Камерата» ансамблыр диІэщ. Гупыр макъамэ Іэмэпсымэ 14-м нэблагъэм йоуэ. КъинэмыщІауэ, лъэпкъ гупи диІэщ. Музыкальнэ лекторинэ гуп. Сыт хуэдэ ныбжьым итми яхуэгъэза концертхэр къызыдогъэпэщ. Курыт еджапІэхэм щІэсхэм, сабий гъэсапІэхэм щыІэ нэхъ цІыкІу дыдэхэм яхуэгъэзахэри диІэщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр цІыхухэр, щІэблэр фІым, дахэм, хэку лъагъуныгъэм щІэтІпІыкІынырщи. ТекІуэныгъэм, Хэкум и хъумакІуэхэм, анэм, нэгъуэщІ махуэшхуэхэм ирихьэлІэу концертхэр догъэлъагъуэ.

Урысейм, нэгъуэщІ щІыналъэхэм къикІыурэ хьэщІэ куэд къытхуоблагъэ, ди санаторэхэм зыгъэпсэхуакІуэ къокІуэ. Ар дызэрыгушхуэнщ, дызэрыгуфІэнщ. Абыхэм концертхэр яхудошэ, ди лъэпкъ щэнхабзэм, ди усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ я Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэм щыдогъэгъуазэ, романсхэр, уэрэдхэр яжыдоІэ.

Ди пшыхьхэр нэхъыбэу Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм къыщызыдогъэпэщ, оркестрым и макъамэ Іэмэпсымэхэр къепшэкІыну зэрымытыншым къыхэкІыу. Пушкиным и картэр къагъэсэбэпурэ, илъэс 14-м щыщІэдзауэ илъэс 22-рэ ныбжьым итхэр, курыт еджапІэм екІуалІэхэр, студентхэр нэхъыбэу къытхуоблагъэ. Къэралыр къыддэІэпыкъуурэ, 1-7-нэ классхэм щІэсхэри оркестрым и концертхэм къыдогъэблагъэ. КъищынэмыщІауэ, республикэм и районхэмрэ къуажэхэмрэ дыщыкІуэ щыІэщ.

- Мухьэмэд, уи лэжьыгъэм къриубыдэу нэхъ гукъинэж пщыхъуахэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Нэхъыбэ дыдэу сигу къинэжащ илъэс тІощІым нэблагъэкІэ екІуэкІа Штраус и «Летучая мышь» оперетэр. Къыздеджа, си ныбжьэгъу Хъупсырджэн Албэч и гъусэу сыхэтащ абы. Макъамэ Іэмэпсымэхэм, къафэхэм, уэрэдхэм я «Бжьамий» ансамблми зэгъусэу дыхэтащ. Ар Бекъул Леонид 80 гъэхэм Налшык къыщызэригъэпэщат. Гупым хэтхэр щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэрт, зи ІэщІагъэм хуэІэижьхэрт. Гуп цІэрыІуэм и лэжьыгъэр зыхуэунэтІар, абы и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ къафэхэм, уэрэдхэм, адыгэ хьэгъуэлІыгъуэм щыщ хабзэхэм цІыхубэр хэгъэгъуэзэнырт, я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ хэгъэхъуэнырт. Бекъул Леонид зэпымыууэ хущІэкъурт ансамблым и программэр нэхъ щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн зэрищІыным. «Бжьамийм» дыщыхэтам Адыгейм, Москва, Сирием, Йорданием, Тыркум и Истамбыл, Анкара, Къайсэр къалэхэм дызэрыщыІар гукъинэж сщыхъуащ. КІэщІу жыпІэмэ, дуней псом и щІыпІэ куэд къэткІухьащ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкІэ екІуэкІа зэпеуэхэм, фестивалхэм япэ увыпІэхэр къыщытхуагъэфащэу. 90 гъэхэм Франджым дыкІуэри, мазэкІэ дыщыІат. Автобусщ абы дызэрыкІуари дыкъызэрыкІуэжари. ДыкъыщыкІуэжым, Берлин адыгэ куэдым дащрихьэлІащ. Адыгэ унагъуэхэм дытрагуашэри, махуищкІэ дыщыІат. Польшэм щекІуэкІа «Дыщэ джыдэ» дунейпсо фестивалми дыхэтащ, абы къыщытхуагъэфэщат саугъэт нэхъыщхьэр. ГъэщІэгъуэн куэд тлъэгъуащ. Нэхъыщхьэр утыку щыдгъэлъагъуэ лъэпкъ хабзэхэм, фащэхэм, къафэхэм, уэрэдхэм я дахагъэр куэдым ягу зэрыдыхьарт, телъыджэ ящыхъуауэ, пщІэрэ щІэупщІэрэ хуаІэу.

- Упсэу, Мухьэмэд! Узыншагъэрэ гукъыдэжрэ уиІэу иджыри куэдрэ улэжьэну ди гуапэщ.

Епсэлъар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

Іуэхур яублащ

ЩІышылэм и 25-р Студентхэм я махуэщ. Абы ирихьэлІэу илъэс къэс ирагъэкІуэкІ «Студент десант» урысейпсо акцэр. Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм, МВД-м и Жылагъуэ советым щыщхэр ящІыгъуу КъБР-м щыІэ Урысей МВД-м и къалэ, район къудамэхэм апхуэдэ Іуэхухэр школакІуэхэм, студентхэм папщІэ къызэрагъэпэщ. Абыхэм зыщагъэгъуэзэфынущ полицэм и лэжьыгъэм, къащІэфынущ я къалэнхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ.

Апхуэдэуи студентхэм Іэмал яІэщ къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органхэм я тхыдэм теухуа музеймрэ мемориал комплексымрэ зрагъэлъагъуну икІи абыхэм нэхъ зэІухауэ къащІэфынущ полицэм жылагъуэм щаІэ пщІэм и инагъыр.

КъинэмыщІауэ, полицэм и лэжьакІуэхэр тепсэлъыхьынущ Урысей МВД-м и еджапІэхэм зэрыщІэтІысхьэ щІыкІэм, хабзэхъумэ органхэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къалэныр зэрыщрахьэкІым.

«Студент десант» урысейпсо акцэр екІуэкІынущ 2026 гъэм щІышылэм и 19-25-м къриубыдэу.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Іуащхьэмахуэ и Кубокым зэхуешэс

Кэнжэ къуажэм дэт «Вымпел» спорт комплексым дызыхыхьа илъэсым и япэ махуэхэм щекІуэкІащ «Іуащхьэмахуэм» и Кубокыр дзюдомкІэ къэхьыным хуэунэтІауэ гупхэм я зэпеуэ. Абы щызэхьэзэхуащ Краснодар крайм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым я командэхэр.

ДИ республикэм и щІыхьыр яхъумэу зэхьэзэхуэм хэтащ «Налшык», «КъБР-м и дзюдо», «Бахъсэн», «Локомотив» спорт клубхэм я гъэсэнхэр. ЗэІущІэм щызэпеуахэр 2012 - 2013 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэрщ.

Гупхэм гъэщІэгъуэну икІи удэзыхьэхыу ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм кърикІуахэр зэхалъхьэжа нэужь наІуэ къызэрыхъуамкІэ, япэ увыпІэр иратащ Краснодар крайм къикІа бэнакІуэхэм. ЕтІуанэ хъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и спортсмен ныбжьыщІэхэр, ещанэ увыпІэр зэдагуэшащ «Налшык» спорт клубым и гъэсэнхэмрэ Шэшэным и лІыкІуэхэмрэ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІахэм иратащ медалхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ. Налшык къалэм дэт, Ныр Сеф и цІэр зезыхьэ спорт еджапІэм и тренер Куп Эдуарди апхуэдэ гулъытэ хуащІащ абы и гъэсэнхэм илъэс блэкІам яІа ехъулІэныгъэхэм папщІэ.

АЛЫДЖОКЪУЭ Руслан.

Сабийхэр ягъэгушхуэ

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм ИЦ №1-м и лэжьакІуэхэр, хабзэ яхуэхъуам тету, щыІащ Прохладнэ и социальнэ ІуэхущІапІэхэм. ИлъэсыщІэ, рождество махуэшхуэхэмкІэ офицерхэр ехъуэхъуащ сабий унэ-интернатым и гъэсэнхэм.

УФСИН-м и лэжьакІуэхэм ныбжьыщІэхэм хуашащ пхъэщхьэмыщхьэхэр. ИЦ-1-м и унафэщІ Машэжь Мухьэдин зэрыжиІащи, ІуэхущІапІэм и гупым сыт щыгъуи зыщІегъакъуэ щытыкІэ гугъум къихута сабийхэм.

- ЦІыкІухэр гуфІэу къыІущІащ гупым, фІыщІэ къытхуащІу къыдатащ езыхэм ягъэхьэзыра, псейм фІадзэ цІыкІуфэкІухэр. Дэ абыхэмкІэ дгъэщІэрэщІащ центрым щыдгъэува псейр, - къыхигъэщащ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковникым.

ДЫГУЛЫБГЪУ Ланэ.

Дунейм и щытыкІэри зэран къахуэхъуакъым

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу мелуани 2-м щІигъу щыхьэщІащ икІи абы ипэ ита илъэсым щыІахэм нэхърэ процент 13,7-кІэ нэхъыбэщ ар.

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ районным дунейм и щытыкІэм зихъуэж зэпыту зэрекІуэкІам щхьэкІэ къэмынэу, ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэм кІэрыдмыгъэхуу тхуэІыгъащ, уеблэмэ ди плъапІэу щыта бжыгъэм – цІыху мелуани 2-м - щІедгъэгъуащ. Абы нэмыщІ, туристхэм Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр яхуэзыщІэ ІуэхущІапІэхэми хэхъуэхэр яІэщ», - жиІащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Быф Аскэр, илъэс блэкІам кърикІуахэр къипщытэжу.

Республикэм и щІыналъэхэм я турист щІыпІэхэм щыІахэри мащІэкъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъыбэ хэхъуэ къэзыгъэлъэгъуар Дзэлыкъуэ щІыналъэрщ (процент 65-рэ). Нэгъабэ а районым щыхьэщІащ цІыху мин 250-м нэблагъэ.

КъищынэмыщІауэ, илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ туристу мини 100 хуэдиз.

«Хъарзынэу ди лэжьыгъэм дехъулІащ а махуэхэм, къэхъукъащІэ мыщхьэпэхэр, машинэ зэтрихьэхэр Іуэхум къыхэмыхьэу. Транспортым ехьэлІауэ лъэпощхьэпохэм дыщахъумащ абыхэм хуэунэтІауэ щыІэ къулыкъухэм», - къыхигъэщащ Быф Аскэр.

Зэрыхабзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс щохьэщІэ УФ-м и щІыналъэ куэдым къикІа туристхэр, ауэ нэхъыбэу ахэр зыщыщыр Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэрщ. Апхуэдэуи, ди республикэм зыщагъэпсэхуну яфІэфІщ ди гъунэгъу щІыналъэхэм я цІыхухэми: Краснодар крайм, Ростов областым, Кавказ Ищхъэрэм жыпІэн, нэгъуэщІ щІыпІэхэми къикІахэм. Я нэхъыбэми ахэр къызэрыкІуэхэр цІыху тІурытІ зэрыгъэхъуауэщ икІи ику иту махуитІ-щыкІэ нэхърэ нэхъыбэрэ щыІэкъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КИФЩІ-м щынэхъ лъэщхэр

Олимпиадэм хыхьэ тхэквондомкІэ (ВТФ) Кавказ Ищхъэрэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэ щІышылэм и 11 - 12-хэм щекІуэкІащ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым. Абы щызэпеуащ КИФЩІ-м и спортсмену, щІалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 140-рэ, я ныбжькІэ илъэс 15 - 17 хъухэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и гъэсэну цІыху 19 зэхьэзэхуэм хэтащ икІи абыхэм ящыщу я хьэлъагъ елъытауэ зыкъыщагъэлъэгъуа гупхэм япэ увыпІэхэр къыщахьащ Щоджэн Басир, Къэзанш Къасболэт, Іусен Къамболэт, Тхьэмокъуэ Элинэ сымэ.

ЕтІуанэ хъуахэщ Джэш Имранрэ Шарифовэ Камиллэрэ.

Гъут Іэдэм, Мэлъкъуэнды Дамир, Атабаев Астемыр, Орловэ Марие, Пэфыф Эвелинэ, Шыд Ясминэ, Къурмэн Эмилие сымэ ещанэ увыпІэхэр къахьащ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Ахъмэт Амир, Унэжокъуэхэ Абдельджэбаррэ Къантемыррэ, Уэзрокъуэ Анзор, Купшын Азэмэт, Гъут Рустам сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Іэдэм.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №58

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** корректорхэу **Елмэс ФатІимэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.) КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.